ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ атындағы НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

*Қ.Косназаров, У.Сейтжанова, Ж.Абдижаббарова*

# П Е Д А Г О Г И К А

## (ТЕСТЛЕР ҲӘМ СОРАЎЛАР)

*(оқыў-методикалық қолланба)*

**I - БӨЛИМ**



НӨКИС-2010

*Дүзиўшилер:* ***Қ.Қосназаров,***
***У.Сейтжанова,***
***Ж.Абдижаббарова***

**Ҳәзирги күнде талабалардың бас ўазыйпасы профессор-оқытыўшылардың басқарыўында билимди өз бетинше излеп табыў, билимди өзлестириў искусствосын ийелеўден ибарат. Текстлерди, сораўларды дүзиўде билимлендириў саласына тийисли нызам ҳәм бағдарламалар, халық педагогикасы ҳәм мектеп турмысынан алынған материаллар пайдаланылған.**

**Қолланба педагогикалық оқыў орынлары студентлери, магистрантлары, педагогиканы өз бетинше үйрениўшилер ушын күтә зәрүр қуралы.**

## ЖУЎАПЛЫ РЕДАКТОР

***К.М.Кощанов*** **- Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты филология илимлериниң кандидаты, профессор**

## ПИКИР БИЛДИРИЎШИЛЕР:

***1.А.Тилегенов*** **- ӨзПИИИ Қарақалапақстан бөлими директорының орынбасары, педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.**

***2.Т.Сапарбаев*** **- Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.**

# А Л Ғ Ы  С Ө З

XXI әсирде илим, техника, технология, мәденият ҳәм базар экономикасы тез пәт пенен раўажланбақта. Аралықтан оқытыў, жаңа педагогикалық, хабар байланыс технологияларын, компьютер, интернетти қолланыў ҳәм электронлы билимлендириў кең ен жаймақта. Миллий қәнигелерди таярлаўға жоқары талап қойылмақта.

Сонлықтан халық хожалығы тараўлары, билимлендириў мәкемелери дүнья билимлендириў стандарты талапларына сай өзиниң қәнигелиги бойынша теориялық билимлерди тереӊ өзлестирген, әмелий еплилик ҳәм көнликпелер менен пухта қуралланған, педагогикалық психологиялық, технологиялық жақтан ҳәр тәреплеме жетик таярланған жоқары оқыў орынларының питириўшилерин үлкен үмит пенен күтпекте. Соның менен бирге жаңа заман профессор-оқытыўшылары менен студентлердиң ўазыйпаларын пүткиллей жаңаламақта ҳәм кеңейтпекте.

XXI әсирде миллий қәнигелер таярлайтуғын профессор-оқытыўшы оқытыў-тәрбия процесин ақылға муўапық жоқары дәрежеде, шебер шөлкемлестириўши, оны бир қәлипте әдил басқарыўшы, студентти оқыў өнерине үйретиўши, билимди студентке излеп таптырыўшы, студентти жаңалықты изертлеўге жоллаўшы, өз бетинше, әмелий ҳәм дөретиўшилик жумысларды айрықша искерлик пенен орынлаўға бағдарлаўшы ҳәм студентлердиң барлық мәселеде ҳақыйқый кеңесгөйи, ғамхоры ўазыйпаларын атқарады. Жаңа педагогикалық, хабар байланыс технологияларын қолланыў, аралықтан оқытыў, компьютер ҳәм интернеттен пайдаланыў машқалаларын тынбай үйренип, изленип дөретип, оқытатуғын пәнин, оқытыў тәрбия процесин жаңалықлар менен байытып, оны системалы жетилистирип барады. Студент пенен бирге жақыннан бирге ислесиў, интерактив методлар менен оқытыў-тәрбия процесин шөлкемлестириў оның педагогикалық принципине айналады. Оқытыў-тәрбия процесин инсаныйлық сыпатта, демократиялық тийкарда, миллий ҳәм педагогикалық этика шеклеринде шөлкемлестирип, студентлердиң өз бетинше еркин пикирлеўине ериседи, дөретиўшилик ойлаўын ҳәм дөретиўшилик уқыплығын, мийнет искерлигин раўажландырады.

Жаңа педагогикалық технологияда студент оқытыў тәрбия процесиниң бас субъекти ҳәм объекти есапланды. Келешекте миллий қәниге болып жетисетуғын студент таңлап алған профессор-оқытыўшысы басшылығында саналы ҳәм жеделли түрде өз бетинше билимди ийелеў шеберлигин үйрениўши, өз бетинше билим алыўшы, билимди инта менен излеўши, жаңалықты қумартып изертлеўши, билимди әмелде шебер қолланыўшы ўазыйпаларын атқарады. Өзин-өзи тәрбиялаўға, өзин-өзи

басқарыўға, өзин-өзи тексериўге ҳәм баҳалаўға үйренеди. Жолдасларын басқарыўға ҳәм оларға бойсыныўға, топар сәрдарының тапсырмаларын орынлаўға, оқыў ўазыйпаларын өз-ара тексериўге ҳәм баҳалаўға әдетленеди. Оқыў ўазыйпаларын өз бетинше жеке, еки студент биргеликте ҳәм 4-6 студенттен ибарат киши топарда орынлаўға шынығады. Оқытыў-тәрбия процеси профессор-оқытыўшы менен студентлердиң биргеликтеги педагогикалық дөретпесине айланады. Студент профессор-оқытыўшы менен тең ҳуқықлы түрде оқытыў-тәрбия процесин уйымластырыўға ҳәм өткериўге белсене қатнастырылады.

Усынылып атырған қолланба жоқарыда баян етилген профессор-оқытыўшы ҳәм студентлердиң жаңа ўазыйпаларын инабатлы орынлаўға жәрдем береди деген үмиттемиз. Соның менен бирге педагогикадан мәмлекетлик билимлендириў стандарты ҳәм оның тийкарында дүзилген оқыў бағдарламаларына муўапық таярланды.

Қолланбада педагогиканың I бөлими ”Педагогиканың улыўма тийкарлары”, II бөлими ”Дидактика” ҳәм олардың ҳәр бир темасы бойынша тестлер ҳәм сораўлар берилген.

Тестлер ҳәм сораўлар миллий илимий педагогикамыз, дүнья педагогикасы, халық педагогикасы ҳәм педагогика тарийхы материаллары негизинде дүзилди. Бул өз гезегинде педагогикадан илимий-теориялық билимлерди аңсат өзлестириўге, ядта сақлаўға, зәрүр болғанда еске түсириўге ҳәм қолланыўға жәрдемлеседи. Студентлердиң ойлаў операцияларын (таллаў, қурастырыў, салыстырыў, улыўмаластырыў, жуўмақ шығарыў т.б.) раўажландырады.

Тест сораўларына толық дурыс, толық емес дурыс, азы-кем дурыс ҳәм пүткил надурыс жуўаплар киритилген. Тестлерди шешкенде тек толық дурыс жуўапты табыў менен шекленбей ҳәр бир жуўаптың дурыс ҳәм надурыс тәреплерин, жетисkенликлерин ҳәм қәте-кемшиликлерин, жуўаплардың педагогиканың қандай мәселелерине тийисли екенлигинде көрсеткен мақул болады. Сораўларға жуўаплар табыў ушын қоланбаның ақырында усынылған әдебиятларды үйретиў зәрүр.

Қолланба бойынша бәсекили пикирлер ҳәм кемшиликлер болыўы тәбийий жағдай. Сонлықтан авторлар сыншыллардың топламның сапасын жақсылаўға жәрдем беретуғын барлық усынысларын, кеңеслерин миннетдаршылық пенен қабыл етеди ҳәм алдағы ўақытта есапқа алады.

# I БӨЛИМ.
# ПЕДАГОГИКАНЫҢ УЛЫЎМА ТИЙКАРЛАРЫ

## Педагогика пәни, ўазыйпалары ҳәм илим изертлеў методлары

**1. Педагогика илиминиң пайда болыўына не себепши болды?**

а) Мәмлекеттеги күшли партияның сиясаты

в) Илим, техника ҳәм мәденияттың раўажланыўы

с) Жас әўладты турмысқа ҳәм мийнетке таярлаўдың зәрүрлиги

д) Ата аналардан балалар бахты ушын ғамхорлығы

**2. Илим, пән адамлардың турмыс мүтәжликлерин қандырыў зәрүрлигинен ”пайда болады” деген пикирди ким айтқан?**

а) Хоразмий

в) Фаробий

с) Коменский

д) Беруний

**3. Төмендеги жуўаплардан педагогикаға берилген толық ҳәм дурыс анықламаны табың?**

а) Педагогика жәмийеттеги жас әўладты тәрбиялаў ҳаққындағы илим

в) Педагогика жәмийеттеги жас әўладты тәрбиялаў нызамлықларын үйренетуғын илим

с) Педагогика жәмийеттеги жас әўладты тәрбиялаў, оқытыў, мағлыўматлы етиў ҳәм оның нызамлықларын үйренетуғын илим

д) Педагогика жәмийеттеги жас әўладты мағлыўматлы етиў нызамлықларын үйренетуғын илим

**4. Тәрбияны этика, социология, психология, педагогика ҳәм басқа илимлер үйренеди. Берилген жуўаплардан тәрбияның педагогика үйренетуғын тәрепин көрсетиң?**

а) Тәрбияны жәмийет раўажланыўының факторы сыпатында үйрениў

в) Тәрбияны адамның психологиялық раўажланыў факторы сыпатында үйрениў

с) Тәрбияны адамның раўажланыў ҳәм қәлиплесиў процесси сыпатында үйрениў

д) Тәрбияны жәмийеттиң әдеп-икрамлылық көз-қарасынан үйрениў

**5. Тәрбияның барлық жәмийетлик экономикалық формацияларға тән болған белгиси бар ма?**

а) Ондай белгиси болыўы мүмкин емес, себеби ҳәр бир жәмийетлик дүзим өзиниң тәрбия мақсетине, формасына ҳәм методына ийе

в) Тәрбия барлық жәмийетлик экономикалық формацияларға тән улыўма ҳәм мәңгилик категория есапланады

с) Шахсты ҳәр тәреплеме раўажландырыў ушын ғамхорлық жасаў барлық жәмийетлик экономикалық формацияларға тән

д) Тәрбия барлық жәмийетлик экономикалық формацияларға тән, сонлықтан тәрбия мәңгилик категория

**6. Айырым адамлар педагогиканы илим, екинши биреўлер педагогиканы искусство, үшинши биреўлер педагогиканы оқыў пәни деп түсинеди сизиң пикириңиз қандай?**

а) Педагогика - бул илим

в) Педагогика - бул искусство

с) Педагогика - бул оқыў пәни

д) Педагогика илим ҳәм искусство

**7. Педагогиканың тийкарғы түсиниклери қайсы қатарда берилген?**

а) Орталық, нәсил, тәрбия

в) Мектеп, муғаллим, оқыўшылар

с) Оқытыў усылы, қуралы, методы

д) Тәрбия, оқытыў, мағлыўмат

**8. Педагогиканың басқа илимлер менен ең әҳмийетли байланысын қайсы жуўапта дурыс сәўлелендирген?**

а) Этика, эстетика, философия, социология, психология, мектеп гигиенасы, анатомия ҳәм физиология

в) Педагогиканың тийкарлары, дидактика, тәрбия теориясы, мектеп таныў

с) Жәмийеттаныў, политэкономия, философия, кибернетика, психология, тарийх

д) Әдеп икрам, ақыл, мийнет, эстетикалық ҳәм дене тәрбиясының теориясы ҳәм методикалары

**9. Педагогикалық илимлер системасын қурайтуғын педагогиканың барлық тараўлары қайсы топарда көрсетилген?**

а) Педагогикалық психология, педагогикалық социология, театр педагогикасы, мийнетте дүзетиў педагогикасы, әскерий педагогика

в) Педагогиканың тийкарлары, дидактика, тәбият теориясы, мектептаныў

с) Кәсип техникалық билимлендириў педагогикасы, күни узайтылған мектеп педагогикасы, мектеп интернатлар педагогикасы, жоқары мектеп педагогикасы

д) Улыўма педагогика жас дәўирлер педагогикасы, арнаўлы педагогика, айырым пәнлерди оқытыў методикалары, педагогика тарийхы, салыстырмалы педагогика

**10. Педагогиканың тийкарғы илим изертлеў методлары қайсы қатарда келтирилген?**

а) Тәжирийбелерди улыўмаластырыў, тест, анкета, алгоритмлерди дүзиў, моделлестириў

в) Бақлаў, гүрриң, эксперимент, оқыўшылардың жумысларын ҳәм мектеп ҳүжжетлерин үйрениў, математикалық методлар

с) Жаңа материалды баян етиў, гүрриң, лабораториялық жумыс, экскурсия, шынығыў.

д) Социометриялық өлшеў, таллаў, қурастырыў, индукция, дедукция, эксперимент

**11. Илим изертлеў методына қайсы бақлаў түрин киргизиўге болады?**

а) Муғаллим сабақтағы тынышлықты бақлайды

в) Муғаллим экскурсия ўақтында оқыўшылар менен биргеликте күнниң батыўын бақлайды

с) Муғаллим қыйын материалларды өтиўде оқыўшылардың раўажланыўын бақлап бармақта

д) Мектеп директорының орынбасары сабақта жас муғаллимниң сабақ сораў епшиллигин бақламақта

**12. Изертлеў методы сыпатында бақлаў методына қандай талаплар қойылады? (Сиз таңлаған жуўаплардың кесискен жериндеги санды көрсетиңиз?)**

**13. Педагогика илиминиң раўажланыўы ушын факттиң қандай әҳмийети бар?**

а) Фактлер теориялық режелерди көрсетеди

в) Фактлерден қубылыслардың ең әҳмийетли байланыслары ашылады

с) Фактлер алдыңғы педагогикалық тәжирийбелерди ен жайдарыў қуралы болып хызмет етеди

д) Фактлер тарийхый педагогикалық изертлеўлер ушын зәрүр. Олар өтмиштеги тәрбия мәселелерин толығырақ сәўлелендириўге мүмкиншилик береди

**14. Төменде тәжирийбелердиң атлары келтирилген. Олардың қайсысын илимий педагогикалық экспериментке жатқызыўға болады?**

а) Мектеп директорын сайлап қойыў тәжирийбеси

в) Оқыўшыларды массалық медициналық изертлеўден өткериў тәжирийбеси

с) Мектеп қасы қыйтағында өсимликлерди қоспақластырыў тәжирийбеси

д) Мектеп лабораториясында баслаўыш класс оқыўшыларын арифметикаға алгебралық тийкарда оқытыў тәжирийбеси

**15. Төмендеги көрсетилген гүрриңлерден қайсы бирин илимий педагогикалық изертлеў методына жатқызыўға болады?**

а) Оқыўшылар менен әдептаныў ҳаққында өткерилген гүрриң

в) Оқыўшылардың билимин жеделлестириў ушын қолланылған усылларды анықлаў ушын муғаллим менен өткерилген гүрриң

с) Мектеп директорының тәртипти бузған оқыўшы менен гүрриңи

д) Шаңарақта бала тәрбиясы ҳаққында ата-аналар менен өткерген гүрриң

**16. Мийнетти илимий шөлкемлестириў мәселелерин үйрениў ушын мыңнан көбирек муғаллимлерден анкета сораўларына жуўап алынды. Сиз бул усылды қайсы топар изертлеў методларына киритесиз?**

а) Оқыўшылардың жумысларын ҳәм мектеп ҳүжжетлерин үйрениў

в) Гүрриң

с) Эксперимент

д) Математикалық метод

**17. Педагогика объекти дегенимиз не?**

**18. Педагогика пәни нени аңлатады?**

**19. Тәрбияның жәмийетлик қубылыс екенин дәлиллең.**

**20. Тәрбияның тарийхый ҳәм класслық характерин түсиндириң.**

**21. Шығыс, Орайлық Азияның уллы ойшыллары педагогиканың раўажланыўына қандай үлес қосты?**

**22. Қарақалпақстанда педагогикалық ойлар қалай раўажланды?**

**23. Тәрбия кең ҳәм тар мәнисте нени аңлатады?**

**24. Оқытыў ҳәм мағлыўмат деп неге айтамыз?**

**25. Миллий педагогикамыздың методологиялық тийкарын түсиндириң?**

**26. Педагогиканың раўажланыў дереклерине нелер киреди?**

**27. Педагогиканың философиядан бөлинип өз алдына илим болыўына не себепши болды?**

**28. Педагогиканың басқа илимлер менен байланысының қандай әҳмийети бар?**

**29. Миллий педагогика дегенди қандай түсинесиз? Миллий педагогикамыздың пайда болыў ҳәм раўажланыў жоллары ҳаққында не айтасыз?**

**30. Сизге "Оқыўшылардың өз бетинше пикирлеўин раўажландырыў" деген теманы изертлеў несип етсе, қандай илим изертлеў методларын қолланар едиңиз?**

## МИЛЛИЙ ТӘРБИЯНЫҢ МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

**31. Миллий тәрбия дегенимиз не?**

а) Жасларды улыўма инсаный қәдириятлар руўхында тәрбиялаў

в) Жасларға ақыл, әдеп-икрамлық тәрбия бериў

с) Жасларды билимдан, жетик етип тәрбиялаў

д) Жасларды тилин, тарийхын, мәдениятын, үрп-әдетлерин, дәстүрлерин сүйиўге тәрбиялаў

**32. Төмендеги жуўаплардан миллий тәрбияның мақсетин көрсететуғын жуўапты табың?**

а) Мәмлекет пухарасын тәрбиялаў

в) Батыл, жеделли ел перзентлерин тәрбиялаў

с) Халқын ҳәм өзин бахытлы ететуғын шахсты тәрбиялаў.

д) Ҳәр тәреплеме үйлесикли раўажланған жетик инсанды тәрбиялаў

**33. ”Инсанды инсан етип жетистириўши нәрсе тәрбиядур” кимниң сөзи?**

а) Ибн Сина

в) Демокрит

с) Аристотел

д) Наўайы

**34. Миллий тәрбияның қурамлы бөлимлерине тәрбияның қандай түрлери киреди?**

а) Ақыл, әдеп-икрамлылық, мийнет, дене ҳәм эстетикалық тәрбия

в) Экономикалық, экологиялық, жыныс, хуқық, диний, әскерий тәрбия

с) Шаңарақ тәрбиясы, пухаралық, интернационаллық, азаматлық тәрбиясы

д) а, в

**35. Мәмлекетлик оқыў орынларында алып барылатуғын миллий тәрбияның түрлерин көрсетиң?**

а) Әдеп-икрамлылық, ақыл, мийнет, дене эстетикалық тәрбия

в) Диний, пухаралық, азаматлық тәрбия, шаңарақ тәрбиясы

с) Экологиялық, экономикалық, жыныс, әскерий тәрбия, хуқық тәрбиясы

д) а, с

**36. Жәмийеттеги тәрбияның мақсетин, ўазыйпаларын ҳәм мазмунын қайсы фактор белгилейди?**

а) Жәмийеттеги илим, техника ҳәм мәденияттың раўажланыў дәрежеси

в) Жәмийеттеги педагогика илиминиң раўажланыў дәрежеси

с) Жәмийеттеги педагогикалық кадрларды таярлаў дәрежеси

д) Жәмийеттеги халық билимлендириў системасының раўажланыўы

**37. Ақыл тәрбиясы процесинде қандай ўазыйпалар иске асырылады? (Сиз дурыс деп таңлаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**38. Әдеп-икрамлылық тәрбиясының ўазыйпаларын көрсетиң? (Сиз дурыс деп есаплаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**39. Эстетикалық тәрбияның ўазыйпаларын көрсетиң? (Сиз дурыс деп таңлаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**40. Дене тәрбиясының ўазыйпаларын көрсетиң? (Сиз дурыс деп есаплаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**41. Мийнет процесинде қандай ўазыйпалар әмелге асырылады? (Сиз дурыс деп таңлаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**42. Жынысый тәрбияның ўазыйпаларына нелер киреди? (Сиз дурыс деп есаплаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**43. Экономикалық тәрбияның ўазыйпалары қайсы жуўапта дурыс берилген? (Сиз таңлаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**44. Экологиялық тәрбияның ўазыйпалары қайсы жуўапта дурыс көрсетилген? (Сиз дурыс деп есаплаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**45. Хуқық тәрбиясының ўазыйпалары нелерден ибарат? (Сиз дурыс деп сеаплаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**46. Әскерий тәрбияның ўазыйпаларына нелер киреди? (Сиз дурыс деп таңлаған жуўаплардан шыққан сызықлардың кесилискен жериндеги санды көрсетиң?)**

**47. ”Улларым, ақлықларым ҳәм жақынларымды үйлендириў тәшўишинде келин излеўге итибар бердим. Бул исти мәмлекет жумыслары менен теңдей көрдим”. Кимниң сөзи?**

а) Улуғбек

в) Фарабий

с) Әмир Темур

д) Наўайы

**48. ”Мақсет” түсиниги нени аңлатады?**

**49. ”Ўазыйпа” делингенде сиз нени түсинесиз?**

**50. Тәрбияның улыўма ҳәм жеке мақсетин түсиндирип бериң?**

**51. Миллий тәрбия қашан пайда болды?**

**52. Қарақалпақ халық педагогикасында тәрбияның қайсы түрлери сәўлеленген?**

**53. «Алпамыс» ҳәм «Қырққыз» дәстанларында қандай инсаный пазыйлетлер сөз етиледи?**

**54. Шығыс, Орайлық Азияның уллы педагоглары миллий тәрбияның раўажланыўына қандай үлес қосты?**

**55. Ҳәдислер илиминиң султаны Әл-Бухарийдиң миллий тәрбиядағы хызметин сыпатлаң?**

**56. Әжинияз ҳәм Бердақ дөретпелеринде қандай инсаный пазыйлетлер үлкен шеберлик пенен жырланады?**

**57. Қуранда ҳәм пайғамбарымыз ҳәдислеринде улыўма инсаный ҳәм миллий қандай пазыйлетлерге айрықша әҳмийет берилген?**

**58. Сиз өзиңизди ҳәр тәреплеме үйлесикли раўажланған инсан деп есаплайсызба?**

**59. Тәрбияның қурамлы бөлимлериниң өз-ара байланысы ҳаққында не айтасыз?**

# ӨЗБЕКСТАН ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫ

**60. Халық билимлендириў системасы деп неге айтамыз?**

а) Мектептен тыс балалар мәкемелериниң жыйындысы

в) Тарийхый қәлиплескен, бир-бири менен байланыслы, улыўма принциплер тийкарында дүзилген хәм жумыс ислейтуғын, барлық оқытыў тәрбия, мәдений ағартыў мәкемелериниң жыйындысы.

с) Билимлендириў ўәзирлиги, қала, район халық билимлендириў бөлимлери жыйындысы

д) Университет, академия, институт, лицей, колледж, улыўма билим беретуғын орта мектеплер жыйындысы

**61. Халық билимлендириў системасын дүзиў хәм басқарыўда нелер тийкар етип алынады?**

а) Республикалар Конституциялары

в) Президент Пәрманлары

с) Ҳүкимет қарарлары

д) «Билимлендириў ҳаққында» Нызам хәм «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы»

**62. Өзбекстан Республикасының «Билимлендириў ҳаққындағы» Нызамы қашан қабыл етилди?**

а) 1995 - жыл 5 сентябрь

в) 1996 - жыл 22 декабрь

с) 1997 - жыл 29 август

д) 1998 - жыл 18 май

**63. Қарақалпақстан Республикасының билимлендириў ҳаққындағы Нызамы қашан қабыл етилди?**

а) 1995 - жыл 17 октябрь

в) 1996 - жыл 29 декабрь

с) 1997 - жыл 15 декабрь

д) 1998 - жыл 19 июль

**64. Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикалары Конституцияларының нешинши статьяларында «Ҳәр бир адам билим алыў ҳуқықына ийе» деп көрсетилген?»**

а) 41, 39

в) 42, 40

с) 43, 41

д) 44, 42

**65. «Билимлендириў ҳаққындағы» Нызамының нешинши статьясында «жынысы, тили, жасы, расасы, хызмет түри, жәмийетлик жағдайы, жасаў орны, республикалар аймағында қанша ўақыт жасағанлығынан ғәрезсиз ҳәр бир пухара билим алыўға тең ҳуқықлы» деп айтылған?**

а) 2

в) 3

с) 4

д) 5

**66. 1917-жылға шекем Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан мектеп мешитлеринде, медреселеринде қандай пәнлер оқытылды?**

а) Қуран, Ҳәптүйек, Нурнама

в) Ҳәдис, Суўпы Аллаяр, Шер китап

с) Математика, геометрия, астрономия

д) Медицина, тарийх, география, тил

**67. Қайсы медресениң маңлайшасына «Билимге умтылыў ҳәр бир мусылманның әдиўли миннети» деп жазып қойылған?**

а) Қарақум ийшан медресеси

в) Самарқанд медресеси

с) Бухара медресеси

д) Хийўа медресеси

**68. Дүньяда биринширерден болып, Үргениш қаласында 1010-жылы Мамун академиясын ким ашқан?**

а) Бухарий

в) Беруний

с) Улуғбек

д) Фаробий

**69. Ташкентте Түркстан мәмлекетлик университети қашан ашылды?**

а) 1919

в) 1920

с) 1921

д) 1922

**70. Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлик декларациясы қашан дағазаланды?**

а) 1990 жыл 31 август

в) 1991 жыл 31 август

с) 1992 жыл 31 август

д) 1993 жыл 31 август

**71. Билимлендириў тараўында мәмлекет сиясатының тийкарғы принциплери Нызамның қайсы бөлиминде, қайы статьясында көрсетилген ҳәм олар нешеў?**

а) 1 бөлим, 1 статья, 7 принцип

в) 1 бөлим, 2 статья, 8 принцип

с) 1 бөлим, 3 статья, 9 принцип

д) II бөлим, 9 статья, 10 принцип

**72. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының билимлендириў системасы нелерден ибарат?**

а) Мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес билимлендириў мәкемелери

в) Илим изертлеў жумыслары менен шуғылланатуғын илимий педагогикалық мәкемелер

с) Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, оларға қараслы кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер

д) Билимлендириў ўәзирлиги, қалалық ҳәм аўыллық халық билимлендириў бөлимлери

**73. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң билимлендириў тараўындағы ўәкиллери нешеў?**

а) 10

в) 11

с) 12

д) 13

**74. Билимлендириўди басқарыў бойынша ўәкиллик мәмлекет уйымларының ҳуқықлары нешеў?**

а) 6

в) 7

с) 8

д) 9

**75. Орынларда мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының билимлендириў тараўындағы ўәкилликлери нешеў?**

а) 3

в) 4

с) 5

д) 6

**76. Үзликсиз билимлендириў түрлери нешеў?**

а) 5

в) 6

с) 7

д) 8

**77. Қайсы оқыў орынларына кирип оқыў ықтыярлы ҳәм мәжбүрий?**

а) Баслаўыш мектеп, орта мектеп

в) Институт, университет

с) Академия, институт

д) Академиялық лицей, кәсиплик колледж

**78. Жоқарғы билимлендириў неше басқыштан турады?**

а) 2

в) 3

с) 4

д) 5

**79. Жоқарғы оқыў орнынан кейинги билимлендириў неше түрде әмелге асырылады?**

а) Аспиранту

в) Докторантура

с) Өз бетинше изертлеўшилик

е) Барлық жуўаплар дурыс

**80. Қәнигелер таярлаўдың миллий бағдарламасы неше басқыштан турады?**

а) Биринши басқыш 1997 - 2001

в) Екинши басқыш 2001-2005

с) Үшинши басқыш 2005 ҳәм оннан кейинги жыллар

д) а, в, с

**81. Қәнигелер таярлаўдың миллий модели қандай қурамлы бөлимлерден турады?**

а)Шахс, Мәмлекет,  жәмийет

в) Үзликсиз билимлендириў

с) Илим, өндирис

д) Барлық жуўаплар дурыс

**82. Үзликсиз билимлендириўди дүзиўдиң ҳәм раўажландырыўдың принциплери нешеў?**

а) 6

в) 7

с) 8

д) 9

**83. Қәнигелер таярлаўдың миллий бағдарламасы қашан қабыл етилген?**

а) 1995-жыл 15 сентябрь

в) 1996-жыл 21 июнь

с) 1997-жыл 29 август

д) 1998-жыл 7 январь

**84. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының билимлендириў ҳаққындағы нызамында улыўма орта билим неше жыл етип  белгиленген?**

а) 8

в) 9

с) 10

д) 11

**85. Қәнигелер таярлаў миллий моделиниң тийкарғы субъекти ҳәм объекти ким?**

а) Муғаллим

в) Директор

с) Класс басшысы

д) Шахс

**86. Бакалавр не?**

а) Илимий дәреже

в) Академиялық дәреже

с) Қәнигелик

е) Маманлық

**87. Магистр не?**

а) Илимий дәреже

в) Маманлық

с) Академиялық дәреже

д) Қәнигелик

**88. Өзбекстан Республикасының тил ҳаққындағы Нызамы қашан қабыл етилди?**

а) 1987-жыл 17 ноябрь

в) 1988-жыл 26 май

с) 1989-жыл 21 октябрь

д) 1990-жыл 5 июль

**89. Қарақалпақстан Республикасының тил ҳаққындағы нызамы қашан қабыл етилди?**

а) 1989-жыл 1 декабрь

в) 1990-жыл 13 март

с) 1991-жыл 19 июнь

д) 1992-жыл 28 май

**90. Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик тилин көрсетиңиз?**

а) Қарақалпақ, қазақ тиллери

в) Қарақалпақ, өзбек тиллери

с) Қарақалпақ, орыс тиллери

д) Қарақалпақ, түркмен тиллери

**91. Президенттиң 2004-2009-жылларда мектеп билимлендириўин раўажландырыўдың мәмлекетлик улыўма миллий бағдарламасы ҳаққында»ғы Пәрманы қашан шықты?**

а) 2001-жыл 5 сентябрь

в) 2002-жыл 8 августь

с) 2003-жыл 18 июль

д) 2004-жыл 21 май

**92. «Система» бизиң тилимизге қайсы тилден кирген ҳәм ол қандай мәнисти аңлатады?**

**93. Шаңарақта ямаса өз бетинше билим алған пухаралар классты ямаса оқыў орнын питкергенлиги ҳаққындағы мәмлекетлик ҳүжжетти қалай алады?**

**94. «Мектеп» сөзи бизиң тилимизге қайсы тилден кирген ҳәм ол дәслеп қандай мәнисте қолланылған?**

**95. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан аймақларында араб тили жазыўы енгизилген ислам тәлийматы негизинде шөлкемлестирилген жаңа системадағы оқыў орынлары қашан пайда болды?**

**96. «Медресе» араблардың қандай сөзлеринен келип шыққан?**

**97. Медреселерде сабақ беретуғын оқытыўшыларды ким деп атаған?**

**98. Қарақалпақстан аймағында ағартыўшылықтың раўажланыўына кимлер күшли тәсир жасаған?**

**99. Дүнья илим ағартыўшылықтың уллы ўәкиллери Хорезмий, Ферғаний, Беруний, Улуғбек, Фарабий, Ибн Сина ҳәм басқалардың билимлендириўди раўажландырыўдағы хызметлерин сыпатлаң?**

**100. «1917-жылға шекем өзбек халқы арасында 2 %, қарақалпақ халқы арасында 0,02 % адам ғана саўатлы еди» деген пикирге қосыласыз ба?**

**101. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан нешинши жыллары патша Россиясының колониясы болды?**

**102. Патша Россиясы өзбек ҳәм қарақалпақ жерлеринде қандай мектеплер ашты?**

**103. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан нешинши жыллары Совет Россиясының колониясына айландырылды?**

**104. Халықлар арасында саўатсызлықты сапластырыў туўралы декрет нешинши жылы қабыл етилди?**

**105. Араб алфавити латын графикасы менен қашан алмастырылды?**

**106. Өзбек, қарақалпақ жазыўы рус графикасына қашан өткерилди?**

**107. Өзбекстанда, Қарақалпақстанда қандай оқыў орынлары, илимий ҳәм мәдений ағартыўшылық мекемелери ашылды?**

**108. Мәжбүрий баслаўыш, жети жыллық, сегиз жыллық тәлим қашан енгизилди?**

**109. Совет дәўиринде 74 жыл ишинде билимлендириў, илим, мәдeният, халық хожалығының басқа тараўларында унамлы өзгерислер менен бирге унамсыз өзгерислер де аз болмады. Сиз унамсыз өзгерислерге нелерди киритесиз?**

**110. Халық билимлендириў системасын мәмлекетлик жәмийетлик басқарыўдың мәнисин мысаллар менен түсиндириң?**

**111. Қәнигелер таярлаў миллий бағдарламасының мақсети ҳәм ўазыйпалары нелерден ибарат?**

**112. Қәнигелер таярлаў миллий моделиниң ҳәр бир қурамлы бөлимине сыпатлама бериң?**

**113. Улыўма орта билим неше басқыштан турады?**

## ОҚЫЎШЫ ШАХСЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

**114. «Бул дүньяның көрки адам баласы» деп ким айтқан?**

а) Наўайы

в) Бердақ

с) Өтеш

д) Әжинияз

**115. Шахс деп кимге айтамыз?**

а) Белгили бир социаллық дүзимниң ағзасы есапланған, саналы ҳәм оның адамға шахс делинеди?

в) Мәмлекеттиң ҳәр бир пухарасы шахс делинеди

с) Жәмийетте жасайтуғын ҳәр бир адамға шахс делинеди

д) Адам баласы шахс есапланады

**116. Шахс қандай психологиялық қурамалы бөлимлерден турады?**

а) Социал тәбияты, жаратыўшылық уқыплылығы

в) Өзин-өзи оңлаўы, өзин қоршап алған орталыққа жеделли қатнасы

с) Талаплары, қызығыўы, дүньяға көз-қарасы, исеними

д) Объектив реаллыққа қатнасы, темпераменти, характери, уқыплылығы, таланты

**117. Раўажланыў деп неге айтамыз?**

а) Адам денесиниң сан жағынан өзгериўине раўажланыў делинеди.

в) Адам өмиринде болатуғын анатомиялық физиологиялық, психикалық, социаллық өзгерислерге раўажланыў делинеди

с) Адамның раўажланыў ҳәм тәрбия нәтийжесинде социаллық мақлук болып қәлиплесиўине раўажланыў делинеди

д) Адамда көз-карас ҳәм инсаный пазыйлетлердиң қәлиплесиўине раўажланыў делинеди

**118. Физикалық (анатомиялық-физиологиялық) раўажланыўға нелер киреди?**

а) Сөйлеў, сөз қоры

в) Бойға өсиў, аўырлыққа артыў

с) Өкпениң сыйымлығы, денениң дүзислиси

д) в, с

**119. Психикалық раўажланыўдың белгилери қандай?**

а) Сөйлеў, сөз қоры, ядта сақлаў

в) Қабыл етиў, дыққат, ойлаў

с) Бойға өсиў, аўырлыққа артыў

д) а, в

**120. Баланың социаллық өзгешеликлери ҳәм сыпатлары нелерден ибарат?**

а) Күлиў, сөйлеў, жүриў

в) Затлар, қубылысларға қатнасық жасаў

с) Адамлар менен қарым-қатнас жасаў, мийнетке араласыў

е) а, в, с

**121. Раўажланыў қандай жағдайларға байланыслы болады?**

а) Ишки жағдайларға

в) Сыртқы жағдайларға

с) Ишки ҳәм сыртқы жағдайларға

д) Раўажланыў ишки ҳәм сыртқы жағдайларға байланыслы болмайды

**122. Қәлиплесиў дегенимиз не?**

а) Адам денесиниң сан жағынан өзгериўине қәлиплесиў делинеди

в) Раўажланыўдың ишки күшлерине орталық ҳәм тәрбияның тәсири нәтийжесинде адамның социаллық мақлуқ сыпатында жетисиўине қәлиплесиў деймиз

с) Адамда зәрүрий көз-қарас ҳәм инсаный сыпатларды тәрбиялаўға қәлиплесиў деймиз.

д) Адамның улыўма инсаный ҳәм миллий пазыйлетлерди ийелеўи

**123. Нызамлылық деп неге айтамыз?**

а) Улыўма билим беретуғын орта мектеп, институт, университет арасындағы байланыс

в) Мектеп, муғаллим ҳәм оқыўшылар арасындағы байланыс

с) Қалалық (районлық) халық билимлендириў бөлими, мектеп ҳәм мектеп жәмәәти арасындағы байланыс

д) Зат ҳәм қубылыслардың раўажланыўын сыпатлайтуғын, олардың арасындағы тийкарғы, зәрүрий, тәкирарланып туратуғын турақлы ҳәм объектив түрдеги байланыслар

**124. Тәрбияның кең мәнистеги сыртқы байланыслар тийкарында пайда болатуғын нызамлықлары нелерден ибарат?**

а) Тәрбия процеси, оның мақсети, ўазыйпалары, мазмуны, түрлери, методлары жәмийеттиң социал-экономикалық талаплары, идеологиясы, ишки ҳәм сыртқы сиясаты менен байланыслы болады

в) Тәрбия процеси, оның мақсети, ўазыйпалары, мазмуны, түрлери, методлары тек жәмийеттиң талабынан емес оның мүмкиншилиги менен жағдайларынан да ғәрезли болады

с) Нәсил, орталық, хызмет, қарым-қатнас, тәрбия арасындағы байланыс

д) а, в

**125. Тәрбияның ишки байланыслары тийкарында, яғный оның қурамлы бөлимлери арасында пайда болатуғын нызамлықларды көрсетиң.**

а) Тәрбия, оқытыў, мағлыўмат, раўажланыў арасындағы байланыслар

Тәрбия, өзин-өзи тәрбиялаў, қайта тәрбиялаў, сабақ бериў ҳәм оқыў, тәрбияның субъекти ҳәм объекти арасындағы байланыслар

в) Оқыўшы шахсының хызмети, қарым-қатнасы ҳәм оның раўажланыў нәтийжелери, мүмкиншилиги менен оған көрсетилетуғын педагогикалық тәсир арасындағы байланыслар.

с) Тәрбия ситемасында оқыўшылар жәмәәти менен оқыўшы шахсының, тәрбия ўазыйпалары, мазмуны, түрлери ҳәм методлары арасындағы байланыс

д) Барлық жуўаплар дурыс

**126. Тәрбия процесин ҳәм оқыўшы шахсының раўажланыўын ҳәрекетке келтиретуғын қарама-қарсылықларға нелер киреди?**

а) Жәмийет тәрепинен тәрбияға ҳәм оқыўшы шахсына қойылатуғын талап пенен оны орынлаўдың ҳақыйқый мүмкиншилиги арасындағы қарама-қарсылық

Тәрбияның мақсетке қаратылған тәсири менен орталықтың тосыннан көрсететуғын тәсири, жаңа талап пенен оқыўшының бурынғы тәрбияланғанлығы дәрежеси арасындағы қарама-қарсылықлар

в) Жаңа билим пенен оқыўшының оны өзлестириў мүмкиншилиги, оқыўшының жоқары тәрбияланғанлығы дәрежеси менен көше тәсири арасындағы қарама-қарсылықлар

с) Илим ҳәм пәнде қолланылып жүрген түсиниклер менен ески көз-қарастағы түсиниклер, дәстүрий сабақлар менен дәстүрий емес сабақларға үйрениў, бурынғы педагогикалық технология менен жаңа педагогикалық тийкарында билим алыўға үйрениў арасындағы қарама-қарсылықлар

д) Барлық жуўаплар дурыс

**127. Бала шахсының камалға келиўине тәсир ететуғын факторларды көрсетиң.**

а) Нәсил, орталық

в) Хызмет, қарым-қатнас

с) Тәрбия

е) а, в, с

**128. Бала шахсының камалға келиўине тәсир ететуғын факторлардың ишинде қайсы фактор жетекши роль атқарады?**

а) Нәсил

в) Орталық

с) Тәрбия

д) Хызмет

**129. Нәсил дегенимиз не?**

а) Ата-анадан балаға берилетуғын биологиялық өзгешеликлер

в) Ата-анадан балаға өтетуғын характер қәсийетлери

с) Ата-анадан балаға берилетуғын ерк сыпатлары

д) Бир әўладтан екинши әўладқа өтетуғын социаллық тәжирий

**130. Оқыўшылардың тәбийий дереклериниң уқыплылық, талант дәрежесине жетисиўи тийкарынан неге байланыслы болады?**

а) Оқыўшының ийелеген билим көлемине

в) Тәлим-тәрбия методларына

с) Социаллық ҳәм тәбийий орталыққа

д) Шахстың нәсилден алған дерек

**131. «Жақсыдан жаман туўады ыссы нанға алғысыз, жаманнан жақсы туўады адам айтса нанғысыз», «Атасын көрде қуда бол, енесин көрде қызын ал». Сиз усы халық нақыл-мақалларының мәнис мазмуны ҳаққында не айтасыз?**

**132. Индиялы бала Раму кишкенелигинде қасқыр балалары менен бирге тәрбияланады. Ол қасқырдың балаларына уқсап күндиз уйқылап түнде олар менен бирге аңға шықты, писпеген гөш жеди, төрт аяқлап жүрди, ырылдап адамға топылды, қулласы қасқырдай жасады. Адамлар Рамуди услап әкелип әскерий емлеўханаға орналастырды. Бир неше жылдан кейин Раму адамлар менен қарым-қатнас жасаўға үйренди. Бирақ ол сөйлеўге үйренбеди, сөздиң мәнисин түсинбеди.**

***Турмыстан алынған бул факт нени аңлатады?***

**133. Республикамызда бурынғыға қарағанда адамлар, әсиресе жаслар арасында ҳәр түрли жынаятлар көбейип кетти. Олардың келип шығыў себеплерин ҳәр ким ҳәр түрли болжайды. Биреўлер базар қатнасынан, екинши биреўлер нызамның, жазаның бослығынан, үшинши биреўлер қытшылықтан, төртинши биреўлер тәрбиядан, бесинши биреўлер нәсилден, басқалар жасап турған орталықтан көреди.**

***Сиз бул болжаўлар ҳаққында не дейсиз?***

**134. Кейинги жыллары уқыплы, талантлы оқыўшылар ушын математика, физика, химия, биология, қосық саз, шет тили ҳәм басқа пәнлерден арнаўлы класслар, мектеплер ашылмақта. Усындай жоллар менен оқыўшыларды «ақыллы» ҳәм «ақылсыз» деп еки топарға бөлген болмаймыз ба?**

***Бул ҳаққында сизиң пикириңиз қандай?***

**135. Адамның хызмети оның раўажланыўы ушын қандай әҳмийетке ийе?**

а) Адамның хызмети қоршап алған орталықты өзгертиўге жәрдемлеседи

в) Адам нәсил, орталық ҳәм тәрбияның нәтийжеси. Соның ушын адамның хызмети оның раўажланыўы ушын әҳмийетсиз

с) Мақсетке қаратылған педагогикалық хызмет шахстың ҳәр тәреплеме раўажланыўына жәрдемлеседи

д) Адамның хызмет нәтийжесинде материал ҳәм руўхый байлықлар жаратылады

**136. Адамның уқыплылығын, талантын, туўма деп айтыўға болама?**

а) Сөзсиз адамлар ҳәр түрли уқыплылықлар, талант пенен туўылады

в) Уқыплық, талант туўма есапланады. Уқыплылық ата-ананың жеке психологиялық өзгешеликлеринен ғәрезли болады

с) Адамның уқыплылығы талант емес. Уқыплылық, талант, психикалық қубылыс болып адамның пүткил өмиринде қәлиплесиў процесинде пайда болады.

д) Уқыплылық адамның психикалық сыпаты. Адам дүньяға психикалық сыпатсыз келеди. Турмыс процесинде адам баласында ол я бул уқыплықларды раўажландырыў мүмкиншилиги бар. Бул тәбийий дереклерден ҳәм турмыс жағдайынан ғәрезли болады

**137. Бала үлкен күш салыў ҳәм шынығыў менен зәрүрий музыкалық мәдениятты өзлестире алама ҳәм музыканы терең түсиниў уқыплылығын өзинде раўажландырыў мүмкин бе?**

а) Мүмкин емес. Музыкалық раўажланыў ушын тәбийий дереклер зәрүр

в) Ҳәр бир адамнан музыкант тәрбиялаў мүмкин. Бирақ ол кишкенелигинен өз үстинде ислеўи ҳәм шынығыўы керек

с) Қәлеген нормал бала тәбийий дереклерден ғәрезсиз музыкалық мәдениятты ийелеўи мүмкин

д) Күшли шынығыў балада музыканы жек көриўшиликти келтирип шығарады. Сонлықтан ол музыкалық мәдениятты, музыканы түсиниў уқыплылығын ийелей алмайды

**138. Төмендеги факторлардан қайсы бири математикалық уқыплылықты раўажландырыўға тәсир етеди?**

а) Сигналлар системасы өз-ара қатнасында 1 сигнал системасының басым келиўи

в) Сигналлар системасы өз-ара қатнасында 2 сигнал системасының үстинлиги

с) Сигналлар системасының өз-ара қатнасынан ғәрезсиз 2 сигнал системасының жақсы раўажланыўы

д) Сангвиник темпераменти

**139. Адамның жәмийетлик, тәбийий, тарийхый ҳәм антогенетикалық раўажланыўы бир-биринен қандай ғәрезлиликте турады?**

а) Нәсил менен шәртлескен

в) Барлығы социаллық фактордан ғәрезли

с) Ғәрезлиликтен тысқары турады

д) Бир-бири менен шәртлескен

**140. Не ушын бизиң дәўиримизде бирдей социаллық жағдайда мийнеткеш, жатып ишер, хүжданлы, хүждансыз, тәртипли, тәртипсиз, рас сөзли, өтирикши, киши пейил, қопал, тағы басқа адамлар өсип жетиспекте.**

**Бул қәсийетлердиң қәлиплесиўинде қайсы фактор бас роль ойнайды?**

а) Нәсил

в) Адамның талабы

с) Турмыстың материаллық жағдайы

д) Тәрбия

**141. Раўажланыўдың ишки жағдайына нелер киреди?**

**142. Раўажланыўдың сыртқы жағдайы нелерден ибарат?**

**143. Хорезмий, Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Улығбек шахстың раўажланыў ҳәм қәлиплесиў факторлары ҳаққында қандай пикирлер билдирген?**

**144. Орталық дегенимиз не?**

**145. Орталық неше түрге бөлинеди?**

**146. Социаллық орталыққа нелер киреди?**

**147. Тәбийий орталыққа нелер киреди?**

**148. Баланың тәбийий қоры (раўажланыў мүмкиншилиги, раўажланыў дереклери) неше қурамлы бөлимнен турады?**

**149. Улыўма адамзатлық тәбийғый дереклерге нелер киреди?**

**150. Баланың денесине жеке тән болған өзгешеликлер нелерден турады?**

**151. Рус психологы Б.Г.Ананьев адамның хызмет жеделлилигин неше** түрге бөлди **ҳәм оларды қандай деп атады?**

**152. Тәрбия менен раўажланыўдың өз-ара байланысын түсиндириң?**

**153. Не ушын бир ата-анадан жеке, ҳәтте егиз туўылған балалар бир-биринен өзгеше болады, бир-бирине уқсамайды ҳәм бирин-бири тәкирарламайды?**

**154. Бир шаңарақта ҳәм бир муғаллимниң қолында тәлим-тәрбия алған оқыўшылардың биреўлери айрықша оқыйды, әдепли, ал екинши биреўлери төмен оқыйды, тәртипсиз.**

**Сиз бул жағдайды қандай түсинесиз?**

**155. Айырым адамларда уқыплылық ҳәм талант ерте, гейпараларда орта жаста, үшинши биреўлерде үлкейгенде жүзеге шығады.**

**Сиз буның себебин неге байланыслы деп ойлайсыз?**

## БАЛАЛАРДЫҢ ЖАС ҲӘМ ЖЕКЕ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**156. Жас өзгешелиги деп неге айтамыз?**

а) Балалар өмириниң белгили бир дәўирлерине тән болған анатомиялық физиологиялық ҳәм психологиялық өзгешеликлерге жас өзгешелиги делинеди

в) Киши мектеп жасына тән болған анатомиялық физиологиялық раўажланыў дәрежесине жас өзгешелиги делинеди

с) Орта мектеп жасындағы оқыўшылардың психологиялық раўажланыў дәрежесине жас өзгешелик деп айтылады

д) Академиялық лицей, кәсиплик колледж оқыўшыларының минез қулқының қәлиплесиў дәрежесине жас өзгешелиги делинеди

**157. Балалардың физикалық раўажланыў нызамлылықларын көрсетиң?**

а) Киши жаста балалардың физикалық раўажланыўы тез болады, үлкейген сайын раўажланыў темпи пәсейеди.

в) Баланың физикалық раўажланыўы бир тегис болмайды, бир дәўирде ол тез, басқа дәўирде әсте болады

с) Адам денесиниң ҳәр бир органы өзиниң темпи менен раўажланады, дениниң бөлимлери бир тегис ҳәм сайма-сай раўажланбайды

д) а, в, с

**158. Муғаллим ушын оқыўшылардың жас өзгешелигин билиўдиң қандай әҳмийети бар?**

а) Жас дәўирлери баланың психикалық раўажланыўының ҳақыйқый көриниси, муғаллим усыған байланыслы универсал тәлим-тәрбия қуралларын ислеп шығады ҳәм қолланады

в) Муғаллим жас дәўирлери тийкарында балалардың жеке өзгешеликлерин үйренеди ҳәм тәлим-тәрбия процесинде оқыўшының күш ҳәм мүмкиншилигиниң өсиўин есапқа алады

c) Жас дәўирлерин билиў муғаллимниң оқыўшының биологиялық қорының өсиўин ҳәм раўажланыўын билиўге имканият жаратады

д) Муғаллим ушын балалардың жас дәўирлерин билиўдиң әҳмийети жоқ, себеби оның тәлим-тәрбия методлары оқыўшылардың жеке өзгешеликлерин билиўге тийкарланған

**159. Биринши классқа балаларды қабыл еткенде нелерге тийкарланыў керек?**

а) Раўажланыў дәрежеси бирдей балаларды қабыл етиў керек

в) 6-7 жастағы балаларды қабыл етиў керек

c) Бир классты күшли, басқа классты төмен балалар менен ашыўға болмайды

д) Класста күшли ҳәм төмен балаларда болыўы лазым. Күшли балалар төмен балаларға оқыўда жәрдем береди, жолдаслыққа ҳәм дос болыўға үйренеди

**160. Не ушын бесинши классларда гейде үлгериў ҳәм тәртип төменлейди?**

а) Оқыўшылар оқыўдан зериккен

в) Баслаўыш класс муғаллимлерине қарағанда бесинши класс басшылары оқыўшыларда тәрбиялаўға кем дыққат аўдарған

c) Оқыўшылар жаңа талапларға, оқытыў жағдайының өзгериўине таяр болмаған

д) Баслаўыш мектеп бесинши класста оқыў ушын жетерли билим бермеген

**161. Оқыўшылардың айырым педагогикалық тәсирлерге бийпәрўалығын қалай сапластырыўға болады?**

а) Класс оқыўшылар жәмәәтиниң пикирин пайдаланыў керек

в) Оқыўшы менен түсиндириў жумысларын алып барыў зәрүр

c) Оқыўшының минез-қулқын тексериўди күшейтиў лазым

д) Оқыўшылардың жеке өзгешеликлерин сайма-сай келетуғын тәсир усылларын қоллаў дәркар.

**162. Балалардың жеке өзгешелигине қандай сыпатлар киреди?**

а) Турақлылығы, шаққанлығы, бир сөзлилиги, қыйыншылықларды жеңе билиўи

в) Мектепке, муғаллимлерге, ата-ана, оқыўшыларға мүнәсибети

c) Билимди тез өзлестириўи әсте умытыўы, әсте өзлестириўи тез умыт.

д) Характери, темпераменти, уқыплылығы, бейимлиги, қызығыўы, сезиўи, қабыл етиўи, еслеўи, қыялы, ойлаўы

**163. Бир мектептиң жоқары класс қызлары 8-март байрамына бағышланған үлкен концерт бағдарламасын көриўге жыйналады. Мектеп директоры «2» баҳасы бар қызларды концерт көриўге рухсат етпейди.**

1. Сиз бул ўақыя жөнинде не айтасыз?

2. Сиз мектеп директоры болғаныңызда не қылар едиңиз?

**164. Илгери жыллары кино экранларында «Тарзан» ҳәм «Фантамас» фильмлери көрсетилди. Оқыўшылар оларды қызығып көрди. Бирақ айырым оқыўшылар тарзан**

**боламыз деп тереклерге өрмеледи, тереклерден тереклерге секирди, жайдан жайға атлады, сөйтип жүрип айырым оқыўшылар майып болып қалды. Фантамас болыўға қызыққан оқыўшылар адамлардың машиналарын рухсатсыз минип кетти, басқа унамсыз ислер иследи, жуўапкершиликке тартылады. Нәтийжеде бул фильмлерди көрсетиў қадаған етилди.**

**Бул факт нени аңлатады?**

**165. Оқыўшылардың жас өзгешелеги қандай қурамлы бөлимлерден турады?**

**166. Киши мектеп жасындағы оқыўшылардың раўажланыўындағы қайсы өзгешеликлерди биринши нәўбетте есапқа алыў зәрүр?**

**167. Өспиримлердиң раўажланыўындағы тийкарғы өзгешеликлер нелерден ибарат?**

**168. Жаслық дәўирдиң характерли белгилерине нелер киреди?**

**169. Оқыўшылардың жеке өзгешеликлери қалай пайда болады?**

**170. Оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешеликлерин қандай методлар менен анықлаў мүмкин?**

**171. Оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешеликлерин оқытыў тәрбия процесинде есапқа алыўдың әҳмийетин не менен дәлиллейсиз?**

**172. Ата-бабамыз инсанды қандай жас дәўирлерге бөлген?**

**173. Уллы педагог алым бабаларымыз: Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Улығбек ҳәм басқалар балалардың жас ҳәм жеке өзгешеликлери туўралы қандай пикирлер баян етти?**

**174. Оқыўшыларға неше жаста паспорт бериледи?**

**175. Оқыўшылар неше жаста сайлаўға қатнасады?**

**176. Гейпара класс басшылары, муғаллимлер оқыўшыларды муҳаббатта, ашықлықта айыплайды, қалталарын қарап хатларын таўып алып масқаралайды, жыйналысларға салады?**

**Сизиңше бул дурыс па ямаса надурыс па?**

# A` D E B I Ya T L A R


1. Karimov I.A.  Barkamol avlod - O`zbekiston taraqqiyoti poydevori. T., 1998.
2. Karimov I.A. Tarixiy yodnomasiz kelajak yo`q. T., 1998.
3. Karimov I.A. Barkamol avlod orzusi. T., 1999.
4. O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası. T., 1992.
5. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyası. N., 1993.
6. Qaraqalpaqstan Respublikası Bilimlendiriw Nızamı. «Erkin Qaraqalpaqstan», 1998-jıl 1 yanvar`.
7. Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar twg`risida O`zbekiston Respublikasining Nizomi. «Ma`rifat», 1998-jıl, 16 mart.
8. Hu`jdan erkinligi ha`m diniy sho`lkemler haqqında Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamı. «Erkin Qaraqalpaqstan», 1998-jıl  24 dekabr`.
9. O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` «O`zbekstan Respublikasında ulıwma orta bilimdi sho`lkemlestiriw haqqında». 1998-jıl 13 maydag`ı qararı. «Ma`rifat». 1998-jıl 16 may.
10. O`zbekstan Respublikasında ulıwma orta bilim haqqında Nızam. «Ma`rifat», 1998-jıl, 23 may.
11. Oqıwshılardı ka`sip-o`nerge bag`darlaw ha`m psixologiyalıq pedagogikalıq diagnostika orayları haqqında Nızam. «Ma`rifat», 1998-jıl, 18 iyul`.
12. «Ulıwma orta bilimnin` ma`mleketlik bilmlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında» O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1999-jıl 16 avgusttag`ı qararı «Ma`rifat», 1999-jıl, 18 avgust.
13. Ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik bilimlendiriw standartı. «Ustaz» 1999-jıl, 11 dekabr`.
14. Ulıwma orta bilim beretug`ın orta mekteplerde oqıwshılar tayarlıg`ı da`rejesinin` reytingi haqqında reje (ta`jiriybe-sınaw). «Ustaz», 2001-jıl, 8-15-22 noyabr`.
15. Prezidenttin` 2004-jıl 21 maydan «2004-2009 jıllarda mektep bilimlendiriwin rawajlandırıwdın` ma`mleketlik ulıwma milliy bag`darlaması haqqında» pa`rmanı.
16. Milliy g`a`rezsizlik ideyası: tiykarg`ı tu`sinikler ha`m printsipler. T., 2000.
17. G`oziev E. Psixologiya. T., 1994.
18. Mavlonova R. ha`m basqalar. Pedagogika. T., 2001.
19. Munavvarov A.Q. Pedagogika. T., 1996.

20. O`zbek pedagogikası tariyxı. T., 1995.
21. O`zbek pedagogikası antologiyası. T., 1995.
22. Hadis I-IV tom. T., 1992-1997.
23. Qosnazarov Q. ha`m basqalar. Pedagogika psixologiya terminlerinin` russha-qaraqalpaqsha tu`sindirme so`zligi. N., 1994.
24. Qosnazarov Q., Pazılov A. Student praktikantlar ha`m metodistler ushın pedagogikalıq qollanba. N., 2000.
25. Qosnazarov Q. Birge islesiw pedagogikası. «Qaraqalpaqstan mug`allimi», 2001, Q 1-2.
26. Qosnazarov Q. Baslawısh klasslarda da`stu`riy emes sabaqlardı oqıtıw texnologiyası. Qaraqalpaqstan mug`allimi, 2001, Q 3-4.
27. Qosnazarov Q. Jan`a pedagogikalıq texnologiyalardın` o`zgeshelikleri ha`m artıqmashlıqları. «Qaraqalpaqstan mug`allimi», 2002, Q 1-2.
28. Qosnazarov Q., Palwanova H. Sabaqlardı jan`asha jobalastırıw ha`m o`tkeriw texnologiyası. Vestnik, 2004, Q 3-4.
29. Qosnazarov Q., Palwanova H . Baslawısh mektep oqıtıw texnologiyası. N., 2004.
30. Qosnazarov Q., Abdijabbarova J. Modulli oqıtıw texnologiyası. Bilimlendiriwdin` aktual ma`seleleri (toplam). N., 2005.
31. Tursınov I., Nishonaliev U. Pedagogika kursi. T., 1997.
32. Xoshimov K. va basqalar. Pedagogika tariyxı. T., 1996.

# М А З М У Н Ы


| | |
|---|---|
| **Алғы сөз ………………………………………………………………………..…...** | **3-4** |
| **I бөлим. Педагогиканың улыўма тийкарлары.<br>Педагогиканың пәни, ўазыйпалары ҳәм илим изертлеў методлары<br>……………………………………………………………………………………...** | **5-8** |
| **Миллий тәрбияның мақсети ҳәм ўазыйпалары<br>…………………………………………………………………………..…....…** | **9-11** |
| **Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда халық билимлендириў системасы<br>…………………………………………………………………………………..…** | **12-19** |
| **Оқыўшы шахсының раўажланыўы ҳәм қәлиплесиўи ………………….…….** | **20-26** |
| **Балалардың жас ҳәм жеке өзгешеликлери …………………………………….** | **27-29** |
| **Әдебиятлар ………………………………………………………………………..** | **30-31** |

*Дүзиўшилер:* ***<u>Қ.Қосназаров,</u>***

***У.Сейтжанова,***

***Ж.Абдижаббарова***

# П Е Д А Г О Г И К А
## (ТЕСТЛЕР ҲӘМ СОРАЎЛАР)

***(оқыў-методикалық колланба)***

## I - БӨЛИМ

**Оқыў-методикалық қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты илимий-методикалық кеңесиниң 17-декабрь 2009-жылғы №2 протоколы менен баспадан шығарыўға усыныс етилген.**

**Тех.редактор У.Б. Балымова**

**Корректор А.Сарыбаева**

**Оператор Н.Нысанбаев**

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими**

**Әжинияз атындағы НМПИ киши баспаханасында басылған. 2009 ж.**

**Буйыртпа № ------. Нусқасы-50 дана. Форматы 60х84.**

**742005, Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 104. Реестр.**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ атындағы НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК**
**ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

***Қ.Қосназаров*, У.Сейтжанова, Ж.Абдижаббарова**

# П Е Д А Г О Г И КА

**(ТЕСТЛЕР ҲӘМ СОРАЎЛАР)**

***(оқыў-методикалық қолланба)***

**II-БӨЛИМ**



**НӨКИС-2010**

*Дүзиўшилер:* ***Қ.Қосназаров,***

***У.Сейтжанова,***

***Ж.Абдижаббарова***

**Ҳәзирги күнде талабалардың бас ўазыйпасы профессор-оқытыўшылардың басқарыўында билимди өз бетинше излеп табыў, билимди өзлестириў искусствосын ийелеўден ибарат. Текстлерди, сораўларды дүзиўде билимлендириў саласына тийисли нызам ҳәм бағдарламалар, халық педагогикасы ҳәм мектеп турмысынан алынған материаллар пайдаланылған.**

**Қолланба педагогикалық оқыў орынлары студентлери, магистрантлары, педагогиканы өз бетинше үйрениўшилер ушын күтә зәрүр қуралы.**

## ЖУЎАПЛЫ РЕДАКТОР

***К.М.Кощанов*** **- Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты филология илимлериниң кандидаты, профессор**

## ПИКИР БИЛДИРИЎШИЛЕР:

***1.А.Тилегенов*** **- ӨзПИИИ Қарақалапақстан бөлими директорының орынбасары, педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.**

***2.Т.Сапарбаев*** **- Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.**

# А Л Ғ Ы  С Ө З

**XXI әсирде илим, техника, технология, мәдeният ҳәм базар экономикасы тез пәт пенен раўажланбақта. Аралықтан оқытыў, жаңа педагогикалық, хабар байланыс технологияларын, компьютер, интернетти қолланыў ҳәм электронлы билимлендириў кең ен жаймақта. Миллий қәнигелерди таярлаўға жоқары талап қойылмақта.**

**Сонлықтан халық хожалығы тараўлары, билимлендириў мәкемелери дүнья билимлендириў стандарты талапларына сай өзиниң қәнигелиги бойынша теориялық билимлерди тереӊ өзлестирген, әмелий еплилик ҳәм көнликпелер менен пухта қуралланған, педагогикалық психологиялық, технологиялық жақтан ҳәр тәреплеме жетик таярланған жоқары оқыў орынларының питириўшилерин үлкен үмит пенен күтпекте. Соның менен бирге жаңа заман профессор-оқытыўшылары менен студентлердиң ўазыйпаларын пүткиллей жаңаламақта ҳәм кеңейтпекте.**

**XXI әсирде миллий қәнигелер таярлайтуғын профессор-оқытыўшы оқытыў-тәрбия процесин ақылға муўапық жоқары дәрежеде, шебер шөлкемлестириўши, оны бир қәлипте әдил басқарыўшы, студентти оқыў өнерине үйретиўши, билимди студентке излеп таптырыўшы, студентти жаңалықты изертлеўге жоллаўшы, өз бетинше, әмелий ҳәм дөретиўшилик жумысларды айрықша искерлик пенен орынлаўға бағдарлаўшы ҳәм студентлердиң барлық мәселеде ҳақыйқый кеңесгөйи, ғамхоры ўазыйпаларын атқарады. Жаңа педагогикалық, хабар байланыс технологияларын қолланыў, аралықтан оқытыў, компьютер ҳәм интернеттен пайдаланыў машқалаларын тынбай үйренип, изленип дөретип, оқытатуғын пәнин, оқытыў тәрбия процесин жаңалықлар менен байытып, оны системалы жетилистирип барады. Студент пенен бирге жақыннан бирге ислесиў, интерактив методлар менен оқытыў-тәрбия процесин шөлкемлестириў оның педагогикалық принципине айналады. Оқытыў-тәрбия процесин инсаныйлық сыпатта, демократиялық тийкарда, миллий ҳәм педагогикалық этика шеклеринде шөлкемлестирип, студентлердиң өз бетинше еркин пикирлеўине ериседи, дөретиўшилик ойлаўын ҳәм дөретиўшилик уқыплығын, мийнет искерлигин раўажландырады.**

**Жаңа педагогикалық технологияда студент оқытыў тәрбия процесиниң бас субъекти ҳәм объекти есапланды. Келешекте миллий қәниге болып жетисетуғын студент таңлап алған профессор-оқытыўшысы басшылығында саналы ҳәм жеделли түрде өз бетинше билимди ийелеў шеберлигин үйрениўши, өз бетинше билим алыўшы, билимди инта менен излеўши, жаңалықты қумартып изертлеўши, билимди әмелде шебер қолланыўшы ўазыйпаларын атқарады. Өзин-өзи тәрбиялаўға, өзин-өзи**

басқарыўға, өзин-өзи тексериўге ҳәм баҳалаўға үйренеди. Жолдасларын басқарыўға ҳәм оларға бойсыныўға, топар сәрдарының тапсырмаларын орынлаўға, оқыў ўазыйпаларын өз-ара тексериўге ҳәм баҳалаўға әдетленеди. Оқыў ўазыйпаларын өз бетинше жеке, еки студент биргеликте ҳәм 4-6 студенттен ибарат киши топарда орынлаўға шынығады. Оқытыў-тәрбия процеси профессор-оқытыўшы менен студентлердиң биргеликтеги педагогикалық дөретпесине айланады. Студент профессор-оқытыўшы менен тең ҳуқықлы түрде оқытыў-тәрбия процесин уйымластырыўға ҳәм өткериўге белсене қатнастырылады.

Усынылып атырған қолланба жоқарыда баян етилген профессор-оқытыўшы ҳәм студентлердиң жаңа ўазыйпаларын инабатлы орынлаўға жәрдем береди деген үмиттемиз. Соның менен бирге педагогикадан мәмлекетлик билимлендириў стандарты ҳәм оның тийкарында дүзилген оқыў бағдарламаларына муўапық таярланды.

Қолланбада педагогиканың I бөлими ”Педагогиканың улыўма тийкарлары”, II бөлими ”Дидактика” ҳәм олардың ҳәр бир темасы бойынша тестлер ҳәм сораўлар берилген.

Тестлер ҳәм сораўлар миллий илимий педагогикамыз, дүнья педагогикасы, халық педагогикасы ҳәм педагогика тарийхы материаллары негизинде дүзилди. Бул өз гезегинде педагогикадан илимий-теориялық билимлерди аңсат өзлестириўге, ядта сақлаўға, зәрүр болғанда еске түсириўге ҳәм қолланыўға жәрдемлеседи. Студентлердиң ойлаў операцияларын (таллаў, құрастырыў, салыстырыў, улыўмаластырыў, жуўмақ шығарыў т.б.) раўажландырады.

Тест сораўларына толық дурыс, толық емес дурыс, азы-кем дурыс ҳәм пүткил надурыс жуўаплар киритилген. Тестлерди шешкенде тек толық дурыс жуўапты табыў менен шекленбей ҳәр бир жуўаптың дурыс ҳәм надурыс тәреплерин, жетискенликлерин ҳәм қәте-кемшиликлерин, жуўаплардың педагогиканың қандай мәселелерине тийисли екенлигинде көрсеткен мақул болады. Сораўларға жуўаплар табыў ушын қоланбаның ақырында усынылған әдебиятларды үйретиў зәрүр.

Қолланба бойынша бәсекили пикирлер ҳәм кемшиликлер болыўы тәбийий жағдай. Сонлықтан авторлар сыншыллардың топламның сапасын жақсылаўға жәрдем беретуғын барлық усынысларын, кеңеслерин миннетдаршылық пенен қабыл етеди ҳәм алдағы ўақытта есапқа алады.

# ОҚЫТЫЎ, МАҒЛЫЎМАТ ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ

# Д И Д А К Т И К А

## Дидактиканың пәни ҳәм ўазыйпалары

**177. Дидактика сөзин ең биринши рет кимлер қолланған?**

а) Ж.Ж.Руссо, К.Д.Ушинский

в) В.Ратке, Я.А.Коменский

с) Хорезмий, Улуғбек

д) А.С.Макаренко, Л.Н.Толстой

**178. Дидактика деп неге айтамыз?**

а) Педагогиканың барлық пәнлерди оқытыўдың улыўма мәселелерин ҳәм нызамлықларын үйренетуғын бөлимине дидактика делинеди.

в) Педагогиканың айырым пәнлерди оқытыўдың нызамлықларын үйренетуғын бөлимине дидактика делинеди.

с) Оқытыўдың түрлерин, қуралларын, методларын үйренетуғын педагогиканың бөлимине дидактика деймиз.

д) Оқытыўдың принциплерин, мазмунын, методларын, технологиясын үйренетуғын педагогиканың бөлимине дидактика делинеди.

**179. «Бир саат илим үйрениў түни менен ибадат етип шыққаннан артық» қайдан алынған?**

а) Қураннан

в) Педагогикалық сөзликтен

с) Педагогикалық энциклопедиядан

д) Қарақалпақ халық нақыл-мақалларынан

**180. «Ақылы кәмил, илими зор, Билимли ел болмайды қор» кимниң сөзи?**

а) Наўайы

в) Рудаки

с) Әжинияз

д) Бердақ

**181. Дидактика авторлар түрли-түрли атайды. Сизиңше дидактиканы қандай деп атаған мақул болады?**

а) Дидактика - бул оқытыў теориясы

в) Дидактика - бул мағлыўмат теориясы

с) Дидактика - оқытыў ҳәм мағлыўмат теориясы

д) Дидактика - оқытыў, мағлыўмат теориясы ҳәм әмелияты

**182. Педагогиканың, оның бир бөлими дидактиканың дәслепки ўатаны деп қайсы жерди атағанды дурыс деп есаплайсыз?**

а) Европа

в) Чехословакия

с) Англия

д) Шығыс, Орайлық Азия

**183. Дидактиканың тийкарғы түсиниклерине нелер киреди?**

а) Оқытыў, сабақ бериў, оқыў

в) Оқытыў принциплери, оқытыў процесси

с) Оқытыў қураллары, оқытыў усыллары

д) а, в, с

**184. Дидактика қандай тараўларға бөлинеди?**

а) Улыўма дидактика, баслаўыш мектеп дидактикасы

в) Орта мектеп дидактикасы

с) Жоқарғы мектеп дидактикасы

д) Барлық жуўаплар дурыс

**185. Дүнья педагогикасында баслаўыш мектеп дидактикасының тийкарын салғанлар кимлер?**

а) Беруний, Ибн Сина, Фарабий

в) Коменский, Руссо, Ушинский

с) Песталоцций, Дидро, Гербарт

д) Сократ, Демокрит, Платон

**186. Қарақалпақстанда баслаўыш мектеп дидактикасының раўажланыўына кимлер үлкен үлес қосты?**

а) Әжинияз, Бердақ

в) Өтеш, Омар

с) С.Мәжитов, Қ.Әўезов

д) Ж.Орынбаев, Н.Орынбаев

**187. Улыўма дидактика менен жеке методикалар арасындағы байланысты көрсетиң.**

а) Улыўма дидактика оқытыўдың улыўма мәселелерин үйренеди, сонлықтан ол жеке методикалар менен байланыспайды.

в) Жеке методикалар жеке методикалар менен байланысады.

с) Улыўма дидактика ана тили, математика методикасы менен байланысады.

д) Улыўма дидактика барлық пәнлерди оқытыўдың улыўма мәселелерин, ал жеке методикалар айырым пәнлерди оқытыў мәселелерин үйренеди. Сонлықтан олар бир-бири менен тығыз байланыста раўажланады.

**188. Жеке методика нени үйренеди?**

а) Айырым пәнлерди оқытыўдың өзине тән болған өзгешеликлерин үйренеди.

в) Улыўма инсаний ҳәм миллий қәдириятларды үйренеди.

с) Оқытыўдың нызамлықларын ҳәм принциплерин үйренеди.

д) Мәмлекетлик билимлендириў стандартын үйренеди

**189. Баслаўыш мектеп дидактикасы нени үйренеди?**

а) Баслаўыш мектепте қолланылатуғын көрсетпели ҳәм техникалық қуралларды үйренеди.

в) Баслаўыш тәлимниң мақсетин, принциплерин, мазмунын, сабақ түрлерин ҳәм методларын үйренеди.

с) Баслаўыш класларда оқытылатуғын пәнлердиң өзгешелигин үйренеди.

д) Баслаўыш мектептеги тәрбияның мақсетин ҳәм ўазыйпаларын үйренед

**190. Орта мектеп дидактикасы нени үйренеди?**

а) Орта мектепте оқытылатуғын пәнлердиң өзгешелигин үйренеди.

в) Орта мектептиң оқыў жобасы менен бағдарламаларын үйренеди.

с) Орта мектепте қолланылатуғын оқытыў технологияларын үйренеди.

д) Орта тәлимниң мақсетин, принциплерин, мазмунын, оқытыўды шөлкемлестириў түрлерин ҳәм методларын үйренеди.

**191. Қайсы жуўап педагогика, дидактика ҳәм жеке методикалар арасындағы байланысты дурыс көрсетеди?**

а) Педагогика, жеке методика, дидактика

в) Дидактика, педагогика, жеке методика

с) Педагогика, дидактика, жеке методика

д) Жеке методика, дидактика, педагогика.

**192. Айырым халық билимлендириў хызметкерлери муғаллим болыў ушын дидактиканы ҳәм методиканы билиў шәрт емес деп есаплайды. Дидактика ҳәм методика оқытыў искусствосына үйретпейди. Тәжирийбе оқытыў искусствосына үйрениўде ең жақсы муғаллим деп даўа қылады.**

***Сиз бул пикирлерге не дейсиз?***

**193. Шығыс, Орайлық Азияның қайсы ойшылларының педагогикалық идеялары дидактиканың раўажланыўына күшли тәсир жасады?**

**194. Коменский, Руссо, Песталоцции, Ушинский дидактиканың раўажланыўына қандай үлес қосты?**

**195. Оқытыў деп неге айтамыз?**

**196. Сабақ бериў деген не?**

**197. Сиз оқыў дегенде нени түсинесиз?**

**198. Оқытыў процеси нени аңлатады?**

**199. Жеке методикалардың ўазыйпаларына нелер киреди?**

**200. Ҳәзирги заман дидактикасының баслы ўазыйпалары нелерден ибарат?**

**201. «Билимлендириў ҳаққындағы» Нызамда ҳәм «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарлама»сында дидактика мәселелери ҳаққында не айтылған?**

## ОҚЫТЫЎ ПРОЦЕСИНИҢ МӘНИСИ

**202. «Оқытыў ақылға, сезимге, адамның өз еркине тәсир етип, оны тутасы менен үйлесикли тәрбиялайды» деп ким айтқан?**

а) Коменский

в) Пестолоцции

с) Улуғбек

д) Хорезмий

**203. Илимий ҳақыйқатлықты билиўдиң жолын қайсы жуўап дурыс көрсетеди?**

а) Ақыл, тәбият нызамлары

в) Билимниң пайдалылығы, ҳақыйқатлығы

с) Абстракт ойлаў, жанлы бақлаў, әмелият

д) Жанлы бақлаў, абстракт ойлаў, әмелият

**204. Жанлы бақлаўға қандай психикалық процесслер қатнасады?**

а) Сезиў

в) Қабыл етиў

с) Елеслеў

д) а, в, с

**205. Дүнья таныў, билиў процесси неден басланады?**

а) Жанлы бақлаўдан

в) Абстракт ойлаўдан

с) Әмелияттан

д) Билимди әмелде қоллаўдан

**206. Ойлаў неге тийкарланады?**

а) Сезиўге

в) Қабыл етиўге

с) Елеслеўге

д) а, в, с

**207. Әмелият түсинигиниң мағанасына нелер киреди?**

а) Материал байлықларды өндириў

в) руўхый байлықларды жаратыу

с) Илим, тәлим-тәрбия

д) Барлық жуўаплар дурыс

**208. Билимди ийелеў 3 басқыш: жанлы бақлаў, абстракт ойлаў, әмелияттан басқа және қандай жоллар менен иске асырылады?**

а) Әмелий жумысларды орынлаў арқалы

в) Алынған билимлерди сын көз бенен қарап қайта ислеп шығыў арқалы

с) Өткерилген изертлеўлерди системаластырыў ҳәм улыўмаластырыў арқалы

д) а, в, с

**209. Оқытыў процесиниң негизги белгилерине нелер киреди?**

а) Оқыўшылардың оқыў, билиў хызметин шөлкемлестириў

в) Оқыўшылардың жеке психикалық раўажланыў пәтин тезлестириў

с) Затлар ҳәм қубылыслардың илимде анықланған нызамлықлары менен оқыўшыларды қураллandырыў

д) ) а, в, с

**210. Оқыўшылардың оқыў мотивлери қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Билиўге қызығыў мотиви

в) Социаллық мотив

с) Қосымша мотивлер

д) Басқаларға еликлеў мотиви

**211. Оқытыў процеси қандай хызметлер атқарады?**

а) Мағлыўматлық

в) Тәрбиялық

с) Раўажландырыўшылық

д) а, в, с

**212. Оқытыў процесиниң қарама-қарсылықларын көрсетиң?**

а) Адамзат тәрепинен топланған билим, тәжирийбе менен оқыўшылардың өзлестиретуғын билиминиң мазмуны, көлеми арасындағы қарама-қарсылық

в) Билимди бурынғы өзлестириў усыллары, түрлери, қураллары, методлары менен жаңа оқытыў методлары, технологиялары арасындағы қарама-қарсылық

с) Оқыўшының билим, раўажланыў дәрежеси менен сабақлық мақсети, ўазыйпалары, мазмуны арасындағы қарама-қарсылық

д) Барлық жуўаплар дурыс

**213. Оқыўшылардың билимди ийелеў басқышлары қандай?**

а) Қабыл етиў

в) Уғыў, түсиниў

с) Есте сақлаў, беккемлеў

д) Барлық жуўаплар дурыс

**214. Оқыўшылардың билиў хызмети қалай басқарылады?**

а) Муғаллимниң түсиндириўди, тыңлаўды талап етиўи арқалы

в) Билимди түсиникли, қызықлы, анық ҳәм мазмунлы баян етиўи арқалы

с) Берилген тапсырманы орынлаўды тексериўи арқалы

д) Сабақта қатаң тәртипти орнатыў арқалы

**215. Оқытыў менен раўажланыўдың өз-ара қатнасын сыпатлаўда сиз қайсы жуўапты таңлайсыз?**

а) Раўажланыў пүткиллей оқытыўдан ғәрезли

в) Оқытыў раўажланыўға тәсир етпейди

с) Раўажланыў ҳәм оқытыў бир-бири менен байланыспайды

д) Дурыс жуўап жоқ

**216. Оқытыў процесин ҳәрекетке келтиретуғын күшти көрсетиң.**

а) Оқыўшылардың өзлериниң билими ҳаққында жуўапкершиликти сезиўи

в) Муғаллимниң оқыўшыларға талап қойыўы

с) Оқыўшылардың жәмийетлик миннетин аңлаўы

д) Ержеткенлик аттестатты алыў мүмкиншилиги

**217. Оқыўшыға берилген «Сен неге үйге берилген тапсырманы жақсы орынлаўға ҳәрекет етесең» деген сораўға ол «5» баҳасын алғым келеди деп жуўап берген.**

***Сиз оқыўшалардың бул жуўабын қайсы мотивлер топарына критесиз?***

а) Билимге қызығыў мотиви

в) Социаллық мотив

с) Қосымша мотив

д) Өз бетиншеликке умтылыў мотиви

**218. VIII класс оқыўшысы Баҳадыр бәрқулла муғаллимнен математикадан қосымша тапсырма бериўди өтиниш етеди.**

***Оқыўшының бул ҳәрекетин қайсы оқыў мотивине киргизиўге болады?***

а) Социаллық мотив

в) Өз бетиншеликке умтылыў

с) Қосымша мотив

д) Билимге қызығыў мотиви

**219. Көпшилик оқыўшылар оқыўдың мәнисин келешек турмысқа ҳәм мийнетке таярланыў деп есаплайды.**

***Сиз оқыўшылардың бул ҳәрекетин қайсы оқыў мотивине жатқызасыз?***

а) Қызығыў мотиви

в) Социаллық мотив

с) Өзбетиншеликке умтылыў мотиви

д) Қосымша мотиви

**220. IV класстың «5» баҳасына оқыйтуғын қызы Сәнемнен «Сен неге «5» баҳасына оқыйсаң» деп сорағанда ол: «IX класста оқыйтуғын әжапам Гүлайымға уқсап, «5» баҳасына оқығым келеди» деп жуўап берген.**

***Сәнем қандай мотив пенен оқыйды деп ойлайсыз?***

а) Қосымша мотив

в) Қызығыў мотиви

с) Басқаларға еликлеў мотиви

д) Социаллық мотиви

**221. Оқытыў процеси деп неге айтамыз?**

а) Оқытыў процеси - муғаллимниң билим бериўдеги хызмети

в) Оқыўшылар жәмәәти менен жеке оқыўшының билим алыўдағы хызмети

с) Оқытыў процеси менен ата-ана басшылығында оқыўшылардың билим алыўы

д) Оқытыў процеси - муғаллимниң билим бериўдеги, оқыўшылардың билим алыўындағы биргеликтеги хызмети

**222. Орайлық Азияның уллы алым педагоглары Хорезмий, Фарабий, Беруний, Улығбек ҳәм басқалар дүнья таныў, билиў ҳәм оқытыў машқалалары ҳаққында қандай пикирлер баян еткен?**

**223. Рус физиологиясының атасы И.П.Павловтың жаратқан илимий тәлийматының оқытыў процеси ушын қандай әҳмийети бар?**

**224. Оқытыў процеси дүнья таныў, билиў процесине қарағанда өзине тән болған қандай өзгешеликлерге ийе?**

**225. Оқытыў процесинде муғаллим ҳәм оқыўышылардың жаңа ўазыйпалары нелерден ибарат?**

**226. Оқытыўдың мағлыўматлық хызметине нелер киреди?**

**227. Оқытыўдың тәрбиялық хызмети дегенде нени түсинесиз?**

**228. Оқытыўдың раўажландырыўшылық хызети нени аңлатады?**

**229. Оқытыў процесиниң қарама-қарсылықларын билиўдиң қандай әҳмийети бар?**

**230. Оқыўшылардың билимди ийелеў басқышларының ҳәр бирине сыпатлама бериң?**

**231. «Мотив» сөзи бизиң тилимизге қайсы тилден кирген ҳәм ол қандай мәнисти аңлатады?**

**232. Оқыўдың социаллық мотивиниң мәнисин түсиндириң?**

**233. Оқыўдың қосымша мотивлерине нелер киреди?**

**234. Сиз келешекте муғаллим болғаныңызда сабақ процесинде қандай қарама қарсылықларға дуўшар боламан деп ойлайсыз?**

**235. Оқытыў процесинде ушырасқан қарама-қарсылықларды қалай сапластырыўға болады?**

**236. Оқыўшылардың оқыў мотивлериниң қандай әҳмийети бар?**

**237. Жаңа педагогикалық технологияға байланыслы сабақ процесинде муғаллим менен оқыўшылар арасында қарым-қатнасық қандай болыўы керек?**

**238. Муғаллим сабақ процесинде унамлы оқыў мотивлерин қалай қәлиплестире алады?**

## ОҚЫТЫЎ НЫЗАМЛЫЛЫҚЛАРЫ ҲӘМ ПРИНЦИПЛЕРИ

**239. «Билим, ағартыўшылық жақсы әдеп-икрамлылық пенен безелиўи лазым» кимниң сөзи?**

а) Улығбек

в) Фарабий

с) Бухарий

д) Гелвеций

**240. Оқытыў нызамлылықлары деп неге айтамыз?**

а) Оқытыўды зәрүрий ҳәм турақлы жүзеге шығаратуғын және раўажландыратуғын оқытыў процесиниң ишки негизги байланысларына оқытыў нызамлылығы деймиз

в) Сабақ бериў ҳәм оқыў арасындағы байланысларға айтылады

с) Оқыў ҳәм билим мазмуны арасындағы байланысларға айтылады

д) Сабақ бериў ҳәм билим мазмуны арасындағы байланысларға айтылады

**241. Оқытыў процесиниң турақлы ҳәм зәрүрий байланыслары оқытыў процесиниң қайсы қурамалы бөлимлери арасында жүзеге шығады?**

а) Сабақ бериў ҳәм оқыў арасында

в) Сабақ бериў ҳәм билим мазмуны арасында

с) Сабақ бериў, оқыў ҳәм билим мазмуны арасында

д) Оқыў ҳәм билим мазмуны арасында

**242. Рус педагоги Я.Лернер оқытыў нызамлылықларына нелерди киритken?**

а) Оқытыўдың тәрбиялаўшы характери

в) Муғаллим, оқыўшы ҳәм билим мазмуны арасындағы байланыс

с) Оқытыў процесинде оқыўшылардың жеделлилиги

д) Муғаллим ҳәм оқыўшы мақсетиниң бир бирине ылайық болыўы

**243. Оқытыў принципи дегенимиз не?**

а) Билим мазмуны менен оқытыў методларын белгилеп беретуғын тийкарғы реже

в) Оқытыў түрлери менен оқытыў қуралларын белгилеп беретуғын баслы қағыйда

с) Оқытыўдың көрсетпели ҳәм техникалық қуралларын қолланыўды көрсететуғын реже

д) Муғаллим, оқыўшы хызметин, билим мазмунын, оқытыўды шөлкемлестириў түрлерин, қуралларын, методларын белгилеп беретуғын тийкарғы реже

**244. Оқытыў принциплериниң тийкарын биринши болып салған ким?**

а) Ушинский

в) Коменский

с) Улығбек

д) Хорезмий

**245. Төменги жуўаплардан оқытыў қағыйдаларын табың?**

а) Жеңилден қыйынға қарап оқытыў

в) Көрсетпели қураллардан өз орнында, зәрүрий жеринде, керекли ўақтында пайдаланыў.

с) Билимди беккем есте сақлаў ушын тәкирарлаў

е) Барлық жуўаплар дурыс

**246. Оқытыў нызамлылығы менен оқытыў принциплери арасындағы байланысты көрсетиң?**

а) Оқытыў принциплеринен оқытыў нызамлылығы келип шығады

в) Оқытыў нызамлылығы менен оқытыў принциплериниң ҳеш қандай байланысы жоқ

с) Оқытыў нызамлықларынан баслы талаплар оқытыў принциплери келип шығады. Сонлықтан олар бир бири менен тығыз байланыслы

д) Оқытыў принципи, оқытыў, оқыў дидактиканың айырым категориялары, олар өз-ара байланысқан

**247. Оқытыўдың тәрбиялаўшы характери нени аңлатады?**

а) Улыўма инсаний ҳәм миллий  пазыйлетлерди қәлиплестириўди аңлатады

в) Миллий пазыйлетлерди қәлиплестириўди аңлатады

с) Пән тийкарлары менен қураллandырыўды билдиреди

д) Сабақлық, көрсетпели ҳәм техникалық қураллар менен ислеўди көрсетеди

**248. Оқытыўды турмыс, мийнет пенен байланыстырыў принципиниң мәнисин ашатуғын жуўапты табың?**

а) Оқытыў теориялық сыпатта болғанлықтан турмыс, мийнет пенен байланыстырылмайды

в) Оқытыў оқыў бағдарламасы, сабақлық пенен байланыслы жүргизиледи

c) Оқытыў оқыўшылардың турмысы, мийнети менен байланыслы алып барылады

д) Билим көрсетпели, техникалық қураллар менен байланыслы алып барылады

**249. Оқытыў принциплериниң түрлерин көрсетиң?**

а) Оқытыўдың тәрбиялаўшы характери, оқытыўды турмыс, мийнет пенен байланыстырыў, илимийлик. Системалылық ҳәм избе-излик

в) Көрсетпелилик, оқытыўда саналық ҳәм жеделлилик, билимди беккем өзлестириў

с) Ылайықлы оқытыў, оқытыў ҳәм тәрбияның бирлиги

д) барлық жуўаплар дурыс

**250. Илимийлик принципи муғаллимнен нени талап етеди?**

а) Абстракт билим бериўди талап етеди

в) Дүньяның, зат ҳәм қубылыслардың ҳақыйқый көринисин түсиндириўде талап етеди

с) Теорияны әмелият пенен байланыстырыўды талап етеди

д) Оқытыўды көрсетпели, техникалық қураллар менен алып барыўды талап етеди

**251. Оқытыўда системалылық ҳәм избе-излилик принципи нелер менен байланысқан?**

а) Оқыў жобасы, оқыў бағдарламасы, сабақлық

в) Муғаллимниң билимди шебер үйретиўи

с) Илимниң логикасы, оқыўшылардың жас ҳәм билиў өзгешелиги, қәлиплескен дәстүрлер

д) Оқыўшылардың жеке, топар ҳәм жәмәәт болып оқыўы

**252. Көрсетпелилик принципиниң мәниси қайсы жуўапта дурыс берилген?**

а) Көрсетпелилик абстракт ойлаўды раўажландырады

в) Көрсетпелилик логикалық ойлаўды раўажландырыўға кесент етеди

с) Көрсетпели ҳәм техникалық куралсыз сабақ өтиўге болмайды

д) Көрсетпели ҳәм техникалық қураллар өз орнында, ўақтында ҳәм зәрүрли жеринде қолланылса, сабақтың сапасын жақсылайды, нәтийжесин асырады

**253. Билимди саналы ҳәм жеделли өзлестириў деген не?**

а) Үйренилген материалды тез, толық, дурыс айтып бериў

в) Билимниң мәнис мағанасын жеделли уғып ҳәм оны әмелде жеделли түрде шебер қолланыў

с) Оқыў материалын ядлап алыў ҳәм сөйлеп бериу

д) Билим, еплилик ҳәм көнликпелерди жүзеки өзлестириў

**254. Оқыўшылар жеделлигиниң белгилерине нелер киреди?**

а) Өз бетиншелик, басламашылық, оқыў ўазыйпасын орынлаўда пидайылық

в) Муғаллим берген тапсырманы орынлаў

с) Жолдасларының өтиниши бойынша оқыўда, мийнетте жәрдем бериў

д) Басқалардың пикирин қоллап-қуўатлаў, өзиниң пикириниң болмаўы

**255. Билимди беккем өзлестириўдиң тийкарғы шәрти не?**

а) Тәкирарлаў

в) Исленетуғын жумыстың жобасын дүзиў

с) Оқыў материалының мазмунын конспект етиў

д) Билимди әмелде жеделли қолланыў

**256. Ылайықлы оқытыў принципиниң мәниси қайсы жуўапта ашып берилген.**

а) Көрсетпели оқытыў, техникалық қураллардан пайдаланыў

в) Билимди анық баян етиў, мысаллар келтириў

с) Түсиндириў көрсетиў, жаздырыў

д) Оқыўшылардың билим, раўажланыў дәрежесин, жас, жеке өзгешелигин есапқа алыў

**257. Сабақта оқытыўды даралап алып барыўдың ең нәтийжели жолын табың?**

а) Үлгермеўшилер менен қосымша сабақ алып барыў

в) Төмен үлгеретуғын оқыўшыларды үлгили оқыўшыларға бекитиў

с) Айрықша, жақсы ҳәм төмен үлгеретуғын оқыўшыларға бөлек бөлек класслар ашыў

д) Айрықша, жақсы ҳәм төмен оқыйтуғын оқыўшыларға ылайықлы өз бетинше жумыслар бериў

**258. «Улыўма класс пенен ислескенде ҳәр бир оқыўшыны естен шығарма» қағыйдасы қайсы оқытыў принципине тийисли?**

а) Оқытыўда саналылық

в) Оқыўшыларға жеке қатнасықта болыў

с) Оқытыўда системалылық

д) Билимлерди беккем өзлестириў

**259. «Сабақта жаңа билимлерди түсиндириў бурынғы билимлерди еске түсириўден баслансын» қайсы оқытыў принципиниң қағыйдасы?**

а) Оқытыўда саналылық

в) Билимлерди беккем өзлестириў

с) Ылайықлы оқытыў

д) Оқытыўда системалылық

**260. «Жеңилден қыйынға», «белгилиден белгисизге», «әпиўайыдан қурамалыға», «жақыннан узаққа» қарай оқытыў қайсы оқытыў принципиниң қағыйдалары?**

а) Ылайықлы оқытыў

в) Илимийлик

с) Саналы оқытыў

д) Системалылық

**261. Дидактикалық қағыйданың дидактикалық принциптен айырмасы неде?**

а) Дидактикалық қағыйда улыўма нызамлылықты аңлатады. Дидактикалық принцип дидактикалық қағыйдадан келип шығады

в) Дидактикалық қағыйданы өзгертиўге болады. Дидактикалық принцип оқытыў процесиниң өзгермейтуғын нызамлылығын көрсетеди.

с) Дидактикалық қағыйда оқытыў принципин анықластырады. Принцип улыўма нызамлылық характерге ийе. Қағыйда принциптен келип шығады. Қағыйда муғаллимге оқытыў принципин әмелий жумыста қалай басшылыққа алыўды көрсетеди.

д) Дурыс жуўап жоқ

**262. «Оқытыў процесин сондай дәрежеде шөлкемлестир, жақсы билим бурынғы билимди беккемлесин» қайсы оқытыў принципиниң қағыйдасы?**

а) Көрсетпелилик

в) Саналылық

с) Илимийлик

д) Беккемлик

**263. Математика муғаллими оқыўшыларға аўызша тез есаплаў усылын үйретти ҳәм ол усылларды қолланыў бойынша шynығыўлар ислетти. 3-4 ай өткеннен кейин тез есаплаў көнликпесин тексергенде оның умытылғаны, оқыўшылардың мақсетке муўапық емес усылларды қолланғанлығы анықланды.**

***Бул қубылысты қалай түсиндириў мүмкин?***

а) Қызығыўшылық пәсейген

в) Шынығыў болмаған

с) Көнликпелерди саналы ийелемеген

д) дурыс жуўап жоқ

**264. Үлгермеўшиликти сапластырыўдың тийкарғы жолын көрсетиң?**

а) Пүтин класс пенен ислесиў

в) Үлгермеўшилер менне қосымша сабақ өткериў

с) «Күшли» оқыўшыларды «төмен» оқыўшыларға бекитиў

д) Оқыўшылар менен жеке ислесиў

**265. Көпшилик жоқарғы класс муғаллимлери сабақты «4» баҳасына үлгеретуғын оқыўшыларға ылайықлап шөлкемлестиреди. Бул дурыс па я надурыс па?**

**266. III класс оқыўшысы Азамат 100 ишиндеги төрт әмелге байланыслы берилген мысалларды жақсы шешеди. Бирақ ол ҳаяллар көйлегине 3 метр, қызлар көйлегине 2**

**метр таўар кетеди. Сонда 25 метр таўардан неше хаял ҳәм неше қыз көйлеги шығады? деген мәселени өз бетинше шығара алмады.**

***Сиз буның себебин қалай түсиндиресиз?***

**267. «Принцип» сөзи бизиң тилге қайсы тилден өткен ҳәм ол қандай мәнисти билдиреди?**

**268. Дүнья педагогика илимине бийбаҳа үлес қосқан өтмиштеги алым педагогларымыз оқытыў принциплериниң теориялық ҳәм әмелий мәселелерин ислеп шығыўда қандай хызметлер исследи?**

**269. IX-XV әсирде жасаған ҳәм илимий педагогикалық мийнет дөреткен алым бабаларымыздың дидактикалық идеяларын раўажландырыў батыс педагогларынан кимлерге несип етти?**

**270. «Билимлендириў системасының дүньялық характерде екенлиги» принципиниң мазмунын түсиндириң?**

**271. Көрсетпели қураллар қандай түрлерге бөлинеди?**

**272. Айырым муғаллимлер билим дәрежеси, билиў күшлери ҳәм билиў уқыплықларына қарай класс оқыўшыларын шәртли рәўиште күшли, орта ҳәм төмен топарларға бөлип, олар менен бөлек ислеседи.**

***Сиз бул тәжирийбе ҳаққында не дейсиз?***

**273. Оқытыў принциплери бир бири менен қалай байланысады?**

## МӘМЛЕКЕТЛИК БИЛИМЛЕНДИРИЎ СТАНДАРТЫ.
## МИЛЛИЙ МЕКТЕБИМИЗДЕ БИЛИМ МАЗМУНЫ

**274. «Илим үйрениў ҳәр бир мөмин ушын парыздур» қайдан алынған?**

а) Педагогикалық сөзликтен

в) Қураннан алынған

с) Ҳәдистен

д) Педагогикалық энциклопедиядан

**275. Мәмлекетлик билимлендириў стандарты дегенимиз не?**

а) Календарлық тематикалық ҳәм сабақ жобасына қойылатуғын талап.

В) Сабақлықлардың дүзилиўине, көркем безелиўине қойылатуғын талап.

с) Оқыўшылардың өз-ара мүнәсибетлерине қойылатуғын талап

д) Улыўма орта, орта арнаўлы, кәсип өнер ҳәм жоқары билим мазмуны менен сыпатына қойылатуғын талапларды белгилеп беретуғын мәмлекетлик хүжжет.

**276. «Улыўма орта билимниң мәмлекетлик билимлендириў стандартларын тастыйықлаў ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары қашан шықты?**

а) 1998 жыл 12 июнь

в)1999 жыл 16 августь

с) 2001 жыл 24 май

д) 2002 жыл 17 декабрь

**277. Сиз билим мазмуны дегенде нени түсинесиз?**

а) Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары талапларына муўапық оқыўшылардың ийелейтуғын билим, еплилик ҳәм көнликпелер системасы.

в) Оқыў жобасы, оқыў бағдарламасы ҳәм сабақлықлар

с) Оқытыў принциплери, құраллары ҳәм методлары

д) Сабақ түрлери, дүзилислери, оқыў құраллары

**278. Билим мазмунын қайсы хүжжетлер белгилейди?**

а) Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары

в) Оқыў жобалары

с) Сабақлықлар

д) Барлық жуўаплар дурыс

**279. Өтмиште педагогикада билим мазмунын белгилеўдеги ағымлар қайсы жуўапта көрсетилген?**

а) Гуманитарлық, биологиялық

в) Реалистлик, гуманистлик

с) Формаль, материаллық, прагматизм

д) Материалистлик, идеалистлик

**280. Билим мазмунын таңлаўдың илимий негизин көрсететуғын жуўапты табың?**

а) Билим, еплилик, көнликпе менен қураллandырыў

в) Оқыўшы шахсын ҳәр тәреплеме үйлесикли раўажландырыў мүмкинлиги, билимниң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети, жаңалығы, дүнья билимлендириў стандартларына сәйкеслиги

с) Көрсетпели, техникалық қуралларды қолланыў

д) Пән бойынша берилетуғын билимди ажыратылған ўақытта үйрениў мүмкиншилиги

**281. Билим мазмунын жетилистириўге не тәсир етеди?**

а) Оқытыў методлары, оқыў құраллары

в) Илим, техника, технология, мәденияттың раўажланыўы

с) Оқытыўды шөлкемлестириўдиң түрлери

д) Оқыў жобасы, оқыў бағдарламасы, сабақлық

**282. Билим мазмунын белгилеўде қандай илимий педагогикалық талаплар басшылыққа алынады?**

а) Дүнья билимлендириў стандарты ҳәр тәреплеме үйлесикли раўажланған жетик әўладты тәрбиялаў мүмкиншилиги

в) Билим мазмунының теориялық дәрежеси, әмелий әҳмийети, оқыўшылардың жас өзгешеликлери, раўажланыў дәрежеси, билиў имканиятлары

с) Илим, техника, технология, экономика ҳәм мәденияттағы жаңалықлар

д) Барлық жуўаплар дурыс

**283. Оқыў жобасын дүзиўде қандай принциплерге тийкарланылады?**

а) Мәмлекетлик билимлендириў стандартына муўапық болыўы, пәнли характерде дүзилиўи

в) Оқыў пәнлериниң системалы ҳәм избе-из оқытылыўын тәмийинлеўи, оқыў жобасының илимийлиги ҳәм системалылығы

с) Мектеплердиң өз-ара байланысын тәмийинлеўи, оқыўшылардың жас айырмашылықларына, раўажланыў дәрежесине, билиў мүмкиншиликлерине сай болыўы

д) а, в, с

**284. Оқыў жобасы деп қандай хүжжетке айтылады?**

а) Оқыў пәнлериниң класслар ҳәм жыллар бойынша өтилиў системасы ҳәм избе-излигине

в) Оқыў пәнлериниң қурамына, пәнлерге ажыратылған ҳәптелик ҳәм жыллық саатлардың санына

с) Оқыў жылының қурылысын көрсететуғын хүжжетке оқыў жобасы делинеди

д) Барлық жуўаплар дурыс

**285. Ҳәр бир пән бойынша оқыўшыларға берилетуғын билим, еплилик, көнликпелердиң мазмунын ҳәм көлемин көрсететуғын хүжжет не деп аталады?**

а) Оқыў бағдарламасы

в) Оқыў жобасы

с) Сабақлық

д) Сөзлик

**286. Оқыў бағдарламасы қандай усылларда дүзиледи?**

а) Анық ҳәм абстрактлы

в) Концентрли ҳәм линиялы

с) Индуктив ҳәм дедуктив

д) Жазба ҳәм аўызеки

**287. Оқыў бағдарламасының қайсы бөлиминде оқыў пәниниң мағлыўматлық, тәрбиялық, раўажландырыўшылық ўазыйпалары, методикалық көрсетпелер бериледи?**

а) Мазмунында

в) Түсиник хатта

с) Қосымшада

д) Ҳәр бир бөлимде

**288. Оқыўшылардың билим, еплилик, көнликпелеринде тексериў ҳәм баҳалаўда қайсы хүжжет тийкар етип алынады?**

а) Оқыў жобасы

в) Сабақлық

с) Оқыў бағдарламасы

д) Сабақ жобасы

**289. Оқыў бағдарламасы негизинде дүзилген сабақлардың избе-излигин, өтилиў мүддетин ҳәм ажыратылған ўақтын көрсететуғын хүжжет не деп аталады?**

а) Календарлық-тематикалық жоба

в) Сабақ жобасы

с) Тәрбия жобасы

д) Жыллық жобасы

**290. Муғаллим тәрепинен дүзилген оқытыў жумысын шөлкемлестириўдиң ең негизги түри қандай хүжжет деп аталады?**

а) Шереклик жоба

в) Мектеп жобасы

с) Сабақ жобасы

д) Тәрбия жобасы

**291. Оқыў пәни дегенимиз не?**

а)  Оқыў пәни дегенимиз билимлер жыйындысы

в) Оқыў жобасына кирген пәнлер

с) Сабақлық, оқыў қураллары, шынығыўлар жыйнағы

д) Илимниң негизги мазмунын қурайтуғын, дидактикалық жақтан тийкарланған билим, еплилик, көнликпелер системасы.

**292. Кәсипти таңлаўдың дурыс жолы қайсы?**

а) Ата ананың қәлеўи

в) Достың менен бир кәсипти ийелеў

с) Қызығыў, уқыплылық, физикалық жағдай ҳәм кәсиптиң келешегине қараў

д) Шаңарақтың материаллық жағдайын есапқа алыў

**293. Оқыў жобасы негизинде мектептиң қандай хүжжети дүзиледи?**

а)  Мектептиң жыллық жобасы

в) Сабақ кестеси

с)Педагогикалық кеңестиң жобасы

д) Сабақ жобасы

**294. Пәнниң мазмуны толығырақ ҳәм системалы түрде қайсы хүжжетте баян етиледи**

а) Сөзликте

в) Мәмлекетлик билимлендириў стандартында

с) Сабақлықта

д) Оқыў жобасында

**295. Билим ямаса турмыс тәжирийбеси негизинде саналы орынланатуғын ис-ҳәрекет қайсы педагогикалық түсиникти аңлатады?**

а) Сабақ бериў

в) Көнликпе

с) Еплилик

д) Қағыйда

**296. Еплилик қандай жоллар менен көнликпеге айланады?**

а) Арнаўлы шөлкемлестирилген шынығыўлар менен

в) Муғаллимниң сөз арқалы түсиндириўи менен

с) Сабақлықтың текстлерин тәкирарлаў менен

д) Көрсетпели оқытыў методын қоллаў менен

**297. Дерлик автомат рәўиште орынланатуғын әмелий ис-ҳәрекет қандай түсиникти билдиреди?**

а) Мотив

в) Көнликпе

с) Еплилик

д) Билим

**298. Жәмийеттиң ҳәм тәбияттың нызамларын, зат ҳәм қубылысларды түсиниўге қаратылған адамзаттың улыўмаласқан тәжирийбеси не деп аталады?**

а) Принцип

в) Еплилик

с) Көнликпе

д) Билим

**299. Оқыў бағдарламасын дүзиўде қандай принциплер басшылыққа алынады?**

а) Мәмлекетлик билимлендириў стандартына, миллий тәрбияның мақсети ҳәм ўазыйпаларына, миллий идея ҳәм миллий ғәрезсизлик идеологиясына муўапықлығы

в) Оқыў бағдарламасының пән бойынша дүзилиўи, оның илимий теориялық ҳәм әмелий әҳмийети

с) Пәнлер ара байланысты тәмийинлеўи, теорияның әмелият пенен байланысын орнатыўы

Илим, техника, технология, экономика ҳәм мәдeният жаңалықларының саўлелениўи, системалылық ҳәм избе-изликтиң сақланыўы, тарийхый принципке сәйкеслиги

д) Барлық жуўаплар дурыс

**300. Сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларына қандай педагогикалық-эстетикалық талаплар қойылады?**

а) Миллий тәрбияның мақсети иҳәм ўазыйпаларына, мәмлекетлик билимлендириў стандартына ҳәм оқыў бағдарламасына муўапық болыўы

в) Сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларының илимийлиги, онда илим, техника, технология, экономика, мәдeният жаңалықларының есапқа алыныўы

с) Теорияның әмелият пенен байланысы, билимниң системалы ҳәм избе-из баян етилиўи, оқыўшылардың жас өзгешелигине ҳәм раўажланыў дәрежесине сәйкес болыўы

Сабақлық, оқыў қолланбаларының тили әдебий тилде әпиўайы, түсиникли, образлы болыўы, сүўрет, таблица, схема, сызылма, диаграмма менен мәлим дәрежеде безелиўи, сыртқы ҳәм ишки безелиўиниң көркемлиги, ҳәрип шрифти заман талабына сай болыўы

д) Барлық жуўаплар дурыс

**301. Ҳақыйқатлық ҳаққында шын билимлерди ислеп шығыў, систeмаластырыў ҳәм теориялық дәлиллеўден ибарат болған адамның хызмети менен оның нәтийжесине не делинеди?**

а) Оқыў пәни

в) Билим

с) Оқыў қураллары

д) Илим

**302. Жәмийеттиң талабы ҳәм оқыўшылардың жас өзгешеликлерине муўапық үйрениў ушын топланылған илимлердиң әҳмийетли түсиниклерин, нызамлылықларын, теорияларын, фактлерин ҳәм методларын не деп атаймыз?**

а) Оқыў пәни

в) Илимлер тийкарлары

с) Билим

д) Илим

**303. Қарақалпақстанда биринши класс ушын әлипбени биринши рет ким жазды ҳәм нешинши жылы жазды?**

а) Қ.Әўезов, 1923

в) А.Дабылов, 1924

с) С.Мажитов, 1925

д) Ж.Орынбаев, 1926

**304. Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары қайсы жыллары тәжирийбе сынаўдан өткерилди?**

**305. Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары қашаннан баслап мектеплерге ендириле баслады?**

**306. Мәмлекетлик билимлендириў стандартының әҳмийети неден ибарат?**

**307. Оқыў жобасы қандай қурамалы бөлимлерден турады?**

**308. Оқыў жобасында орта есапта оқыў ўақтының гуманитар, тәбиийий пәнлер, математика, улыўма техникалық пәнлерге, мийнетке ҳәм дене тәрбиясына неше пайызы берилген?**

**309. Раўажланған демократиялық мәмлекетлер оқыў орынларында билим мазмунын белгилеўде, оқыў жобасын, бағдарламасын ҳәм сабақлықларды дүзиўде қандай тәжирийбелер бар?**

**310. Оқыўшылардың раўажланыў ҳәм билим дәрежесине, уқыплылығы, интасы, қызығыўы ҳәм талантына қарай оқыў бағдарламалары 2-3 вариантта дүзлмекте. Сиз бул тәжирийбе ҳаққында не дейсиз?**

**311. Оқыў жобасын, оқыў бағдарламасын ҳәм сабақлықларды ким дүзеди, оларды қайсы орган тастыйықлайды?**

**312. Мәмлекетлик билимлендириў стандартларын, оқыў жобасын ҳәм оқыў бағдарламаларын орынлаў ықтыярлы ма ямаса мәжбүрий ме?**

**313. Алым бабаларымыз: Ферганий, Хорезмий, Фарабий, Беруний, Ибн Сина ҳәм Улығбек дүньяда бириншилер қатарында қандай сабақлықлар жазды?**

**314. Оқыў пәнлериниң мағлыўматлық, тәрбиялық ҳәм раўажландырыўшылық әҳмийети нелерден ибарат?**

**315. Дүнья жузи педагогикасында ҳәм миллий педагогикамызда билим мазмуны не ушын бас мәселе есапланады?**

**316. XXI әсирде билим мазмунында қандай жаңалықлар болады деп ойлайсыз?**

## ОҚЫТЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ТҮРЛЕРИ

**317. «Бир күнлик түсиндириўден гөре, бир саатлық жумыс көп нәрсеге үйретеди» кимниң сөзи?**

а) Ж.Ж.Руссо

в) Я.А.Коменский

с) Хорезмий

д) Улығбек

**318. «Уллы дидактика» деген китапты ким жазды ҳәм қашан жазды?**

а) Ж.Ж.Руссо, 1751

в) К.А.Гельвеции, 1760

с) И.Г.Песталоцции, 1865

д) Я.А.Коменский, 1632

**319. Класс сабақ системасын ким ойлап тапты?**

а) Хорезмий

в) Дидро

с) Коменский

д) Улығбек

**320. Өтмиште класс-сабақ системасынан басқа оқытыўды шөлкемлестириўдиң қандай түрлери қолланылды?**

а) Белль-Ланкастер, жеке, топар түри

в) Мангеим системасы

с) Дальтон план, Трамп план

Бригадалық лабораториялық, догматикалық түри

д) Барлық жуўаплар дурыс

**321. Сабақтың негизи белгилери қайсы жуўапта берилген?**

а) Оқытыў жумыслары оқыўшылардың бир жастағы турақлы, қурамы менен алып барылады

в) Оқыў жумыслары белгили ўақытта сабақ кестеси тийкарында шөлкемлестириледи

с) Оқыў жумыслары муғаллимниң тиккелей басшылығында класста өткериледи

д) а, в, с

**322. Сабақтың тийкарғы кемшилиги неде?**

а) Сабақ оқыўшыларды шаршатады

в) Сабақта барлық оқыўшылар тийкарынан улыўма жобаға ҳәм жумыс тезлигине бойсыныўы тийис

с) Сабақ оқыўшылардың билиминде жүзекиликти пайда етеди

д) Сабақта оқыўшылар өз бетиншеликке үйренбейди

**323. Оқыў жумыслары оқыўшылар менен қандай усылда шөлкемлестириледи?**

а) Жәмәәт, топар ҳәм жеке түрде

в) Класста, устаханада, далада

с) Тек жәмәәт түринде

д) Өндиристе, лабораторияда

**324. Оқытыў процесиниң түрлери қандай?**

а) Догматикалық, түсиндирип көрсетип оқытыў түри

в) Машқалалы, ылайықластырылған оқытыў түри

с) Бағдарламаластырылған, аралықтан оқытыў түри

д) а, в, с

**325. Республикамыздың мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес мектеплеринде оқытыў процесиниң қайсы түрлери қолланылады?**

а) Түсиндирип көрсетип оқытыў түри

в) Машқалалы ҳәм ылайықластырылған оқытыў түри

с) Бағдарламаластырылған ҳәм аралықтан оқытыў түри

д) а, в, с

**326. Ҳәзирги ўақытта оқытыў жумыслары қандай түрлерде шөлкемлестириледи?**

а) Сабақ, қосымша сабақ, консультация

в) Практикум, факультатив сабақ, оқыў экскурсиясы

с) Семинар, коллоквизм, оқыў конференциясы, пән дөгереклери

Үйдеги оқыў жумыслары, класстан тыс оқыў, мийнет сабағы

д) Барлық жуўаплар дурыс

**327. Сабақ қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Кирис сабағы, оқыўшыларды жаңа билимлер менен таныстырыў сабағы

в) Аралас сабақ, билим, еплилик, көнликпелерди, беккемлеў сабағы

с) Билим, еплилик, көнликпелерди тексериў ҳәм баҳалаў сабағы

Бирлескен сабақ, машқалалы сабақ, тәкирарлаў сабағы, жуўмақлаў сабағы

д) Барлық жуўаплар дурыс

**328. Дәстүрий емес сабақлар қандай түрлерде қолланылады?**

а) Сабақ атын, сабақ саяхат, сабақ кино, сабақ спектакль, ақлый ҳүжим, суд ҳүкими

в) Сабақ жарыс, сабақ –тез, сабақ прессконференция, зигзаг сабағы

с) Сабақ пикир таласы, сабақ понарама, сабақ брифинг

д) а, в, с

**329. «Шөлкемлестириў, сабақтың мақсети ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, пәнлер (бөлимлер) арасында байланыс жасаў ушын муғаллимниң кирис сөзи, оқыўшылардың ҳәр түрли өз бетинше жумысларын шөлкемлестириў, үйге тапсырма бериў» қайсы сабақтың қурылысы?**

а) Тәкирарлаў сабағы

в) Кирис сабағы

с) Аралас сабақ

д) Бирлескен сабақ

**330. Төмендеги қурылыстағы сабақ не деп аталады? «Шөлкемлестириў, сабақтың мақсети ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, жаңа билимлерди үйрениўге тийкар болатуғын билимлерди еске түсириў, жаңа материалларды баян етиў, сораў-жуўап**

**өткериў, ҳәр түрли жумыслар уйымластырыў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў».**

а) Оқыўшыларды жаңа билимлер менен таныстырыў сабағы

в) Беккемлеў сабағы

с) Кирис сабағы

д) Жуўмақлаў сабағы

**331. «Сабақтың басланыўын шөлкемлестириў, үйге тапсырманы тексериў, сабақтың мақсетин ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, жаңа материалды баян етиў, өтилген материалларды беккемлеў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў» қандай сабақ деп аталады?**

а) Машқалалы сабақ

в) Кирис сабақ

с) Аралас сабақ

д) Бирлескен сабақ

**332. Муғаллим сабақты шөлкемлестирсе, сабақтың мақсетин ҳәм ўазыйпаларын түсиндирсе, егер берилген болса жазба тапсырманы тексерсе, сораў-жуўап өткерип өз бетинше жумыслар ислетсе, сабақты жуўмақлап үйге тапсырма берсе оқыў жумысларын қандай түрде шөлкемлестирген есапланады?**

а) Бирлескен сабақ

в) Аралас сабақ

с) Билим, еплилик, көнликпелерди беккемлеў сабағы

д) Кирис сабағы

**333. Жуўапларда қайсы сабақтың қурылысы берилген? «Кирис бөлим, тийкарғы бөлим, оқыўшылардың ҳәр түрли өз бетинше жумысларын уйымластырыў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў».**

а) Жуўмақлаў сабағы

в) Билим, еплилик, көнликпелерди беккемлеў сабағы

с) Аралас сабағы

д) Бирлескен сабағы

**334. Төмендеги қурылыстағы сабақ қайсы сабақ түрине жатады? «Оқыўшыларға қадағалаўдың мақсети, жумысты шөлкемлестириў ҳаққында түсиник бериў, алдағы жумысты орынлаўға таярлығын көриў, тексериў жумысы, тапсырманың мазмуны ҳәм оны орынлаў усыллары менен таныстырыў, оқыўшылардың тексериў жумысларын орынлаўы, орынланған жумысларды жыйнаў, айырым жумысларды текерип көрсетиў, сабақты жуўмақлаў».**

а) Аралас сабақ

в) Оқыўшылардың билимин, еплилик, көнликпелерин тексериў ҳәм баҳалаў сабағы

с) Машқалалы сабақ

д) Оқыўшылардың билимин, еплилик, көнликпелерин беккемлеў сабағы

**335. Усынылған қурылыстағы сабақ қандай сабақ деп аталады? «Класс жайының, оқыў қуралларының, оқыўшылардың сабақты баслаўға таярлығын көзден кешириў, сабақтың темасын, мақсетин, ўазыйпаларын түсиндириў, машқала қойыў, машқалалы жағдай дүзиў, машқаланы шешиў, шешимлерди додалаў, сабақты жуўмақлаў, уйге тапсырма бериў».**

а) Тәкирарлаў сабағы

в) Аралас сабақ

с) Бирлескен сабақ

д) Машқалалы сабақ

**336. «Оқыўшыларды, классты, оқыў қуралларын сабақты баслаўға таярлаў, сабақтың темасын, мақсетин ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, сораў жуўап, ашықтан ашық пикирлесиў, дөңгелек стол әтирапында сәўбетлесиў арқалы сабақта қолланылатуғын билимлерди еске түсириў, аўызеки, жазба әмелий ҳәм дөретиўшилик жумысларды орынлаў, сабақта жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў» қайсы сабақтың қурылысы?**

а) Бирлескен сабақ

в) Машқалалы сабақ

с) Жуўмақлаў сабақ

д) Тәкирарлаў сабағы

**337. Қайсы сабақ төмендеги қурылыста өткериледи? «Сабақты шөлкемлестириў, сабақтың темасы, мақсети ҳәм ўазыйпалары туўралы муғаллимниң кирис сөзи, алдыннан берилген сораўлар бойынша сораў-жуўап, жүзбе-жүз еркин сәўбетлесиў өткериў ҳәм әмелий жумысларды орынлатыў арқалы бурынғы билимлерди системаластырыў, улыўмаластырыў ҳәм жуўмақ шығарыў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў».**

а) Жуўмақлаў сабағы

в) Кирис сабағы

с) Беккемлеў сабағы

д) Бирлескен сабағы

**338. Төмендеги қурылыста өткерилген сабақ не деп аталады? «Сабақты шөлкемлестириў, сабақтың мақсети ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, бурынғы билимлерди еске түсириў, оқыўшыларды ҳәмме тәрептен теңдей етип бөлип арнаўлы орынларға отырғызыў, топар сәрдарларын ҳәм төрешилер қурамын сайлаў, оқыўшыларға жумыс түрин, мазмунын ҳәм шәртин айтыў, сабақты өткериў, алған балларды ҳәм ийелеген орынларды еситтириў, сабақты жуўмақлаў, оқыўшылардың пикирин тыңлаў, үйге тапсырма бериў».**

а) Беккемлеў сабағы

в) Ойын жарыс сабағы

с) Жуўмақлаў сабағы

д) Ойын сабағы

**339. Муғаллим төмендеги қурылыста сабақ өтсе қандай сабақ түрин қолланған болады? «Сабақты шөлкемлестириў, сабақтың мағлыўматлық, тәрбиялық ҳәм**

**раўажландырыўшылық мақсетлери менен таныстырыў, сабақ бағдарламасы ҳәм әдебиятлар менен тәмийинлеў, оқыўшылардың сораўларға ҳәм тапсырмаларға өз бетинше жуўап таярлаўы, компьютерде тест шешиў, жуўапларды ҳәм тест шешимлерин додалаў, сабақты жуўмақлаў, күнделик баҳалаў өткериў, үйге тапсырма бериў».**

а) Ойын жарыс сабағы

в) Беккемлеў сабағы

с) Модулли сабақ

д) Жуўмақлаў сабағы

**340. «Сабақтың басланыўын шөлкемлестириў, үйге берилген тапсырманы тексериў, оқыўшыларға беккемлеў сабағының мақсетин ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў, бурынғы алған билим, еплилик, көнликпелерди ҳәр түрли ойынлар өткериў арқалы беккемлеў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў» қайсы сабақтың қурылысы?**

а) Ойын жарыс сабағы

в) Модулли сабақ

с) Жуўмақлаў сабағы

д) Беккемлеў ойын сабағы

**341. Оқыў экскурсиясы сабақтан не менен айырылады?**

а) Экскурсияның ўақты сабақтай қатаң шегараланбаған, онда затлар ҳәм қубылыслар тәбийғый жағдайда үйрениледи.

в) Экскурсия оқытыў методы ҳәм сабақ түри

с) Экскурсия жоқарғы классларда, ал сабақ барлық классларда өткериледи

д) Сабақты муғаллим өтеди, экскурсияны басқа қәниге өтеди

**342. Семинардың тийкарғы белгиси қайсы жуўапта берилген?**

а) Семинар сабағы барлық оқыўшылар менен бирге өткериледи

в) Семинарда оқыўшылар баянламалары тыңланады ҳәм додаланады

с) Семинарда аўызеки оқытыў методлары қолланылады

д) Семинар оқытыўды шөлкемлестириў түри

**343. Практикумның оқытыў жумысларын шөлкемлестириўдиң басқа түрлеринен өзгешелиги неде?**

а) Практикумда көрсетпели оқытыў методлары қолланылады

в) Практикум оқыўшылар жәмәәти менен өткериледи

с) Практикумда оқыўшы жеке түрде өз бетинше жумыслар комплексин орынлайды

д) Практикум әмелий оқытыў методларының бир түри

**344. Сабақтың қурылысы неге байланыслы болады?**

а) Оқыў жобасы ҳәм сабақ жобасына

в) Оқытыў усыллары, қураллары ҳәм методларына

с) Муғаллимге, оқыўшыларға, класс жайына

д) Сабақтың түри, мақсети ҳәм ўазыйпаларына

**345. Оқыўшылардың өз бетинше ислериниң түрлери қайсы жуўапта көрсетилген?**

а) Оқыў, ядлаў, түсингенин айтып бериў

в) Оқығанының жобасын дүзиў

с) Оқығанынан конспект алыў

д) Аўызша, жазба, әмелий ҳәм дөретиўшилик жумыс

**346. Кейинги жыллары новатор ҳәм алдыңғы қатардағы муғаллимлердиң тәжирийбесинде қандай дәстүрий емес сабақлар қолланылмақта?**

а) Экскурсия, семинар, қосымша сабақ, конференция

в) Практикум, коллоквиум, факультатив

с) Әңгиме, гүрриң, түсиндириў, лекция

д) Сабақ ойын, сабақ-саяхат, сабақ –спектакль, ақлый хүжим

**347. Үйге тапсырма бериўдиң зәрүрлиги неге байланыслы?**

а) Оқыўшылардың бос ўақтын бийкар өткермеў

в) Оқыў жумысларын өзбетинше, өз ўақтында ҳәм жуўапкерли орынлаўға үйретиў

с) Шерекке тийисли баҳалар топлаў

д) Сабақтағы кемшиликлерди сапластырыў

**348. Үйге берилген тапсырманы орынлаўда оқыўшының өз бетиншелиги менен жеделлигиниң ең жоқарғы көрсеткиши не?**

а) Өзиниң жумыс орнын шөлкемлестириў

в) Дәслеп жеңил, кейин қыйын тапсырмаларды орынлаў

с) Дәслеп қыйын кейин жеңил тапсырмаларды орынлаў

д) Өзин өзи тексериў

**349. Үйге тапсырмалар қандай түрлерде бериледи?**

а) Аўызеки ҳәм жазба тапсырмалар

в) Әмелий ҳәм дөретиўшилик тапсырмалар

с) Көрсетпели қураллар ислеў, контур карталарды толтырыў

д) а, в

**350. Үйге берилетуғын тапсырмалардың мөлшерлери қандай болыўы лазым?**

а) 1 класс 1 саат, 2 класс 1,5 саат

в) 3-4 класс 2 саат, 5-6 класс 2,5 саат

с) 7 класс 3 саат, 8-9 класс 4 саат

д) а, в, с

**351. Муғаллимниң сабаққа таярланыў системасын көрсетиң?**

а) Календарлық тематикалық жоба, мәмлекетлик билимлендириў стандартын көриў

в) Оқыў бағдарламасы, сабақлық ҳәм баслы оқыў қураллары менен танысыў

с) Көрсетпели ҳәм техникалық қуралларды таярлаў, сабақтың қандай оқытыў технологиясы менен өтилетуғынын анықлаў, сабақтың жоба конспектисин дүзиў

д) Барлық жуўаплар дурыс

**352. Оқыў экскурсиясы қандай бөлимлерден турады?**

а) Экскурсияға таярлық

в) Экскурсияны өткериў

с) Экскурсияны жуўмақлаў

д) а, в, с

**353. «Форма» сөзи бизиң тилге қайсы тилден кирген ҳәм ол қандай мәнисти аңлатады?**

**354. Дүньяға даңқы шыққан педагог бабаларымыз оқытыўды шөлкемлестириўдиң қандай түрлерин қолланған?**

**355. Машқалалы оқытыў қандай басқышлардан турады?**

**356. Машқалалы оқытыўдың педагогикалық-психологиялық мәселелерин ислеп шығыўға рус педагог ҳәм психологларынан кимлер үлкен үлес қосты?**

**357. Машқалалы сораў әдеттеги сораўдан не менен парық қылады?**

**358. Ылайықластырылған оқытыў қандай бағдарларда шөлкемлестириледи?**

**359. «Умид», «Камолат», «Устаз», «Улғбек» қорлары қандай мақсетте уйымластырылды?**

**360. Уқыплы ҳәм талантлы жасларды арнаўлы жеке жоба ҳәм бағдарлама тийкарында оқытыў ҳаққында сиз не дейсиз?**

**361. Бағдарламаластырылған оқытыў түрин ким ойлап тапты?**

**362. Раўажланған демократиялық мәмлекетлер оқыў орынларында оқытыў процесин шөлкемлестириўдиң қандай түрлери қолланылады?**

**363. Ҳәзирги ўақытта сабаққа қандай талаплар қойылады?**

**364. Сабақты жаңаша жобаластырыў ҳәм өткериў технологиясы ҳаққында не айтасыз?**

**365. Аралықтан оқытыўдың артықмашлықлары неде?**

**366. Оқыўшылардың сабақта өз бетинше ислерин шөлкемлестириўде, үйге тапсырма бериўде ҳәм оны тексериўде қандай жаңа тәжирийбелер бар?**

**367. Оқытыўда хабар ҳәм байланыс технологияларының, интернет пенен компьютер тармақларының әҳмийети неден ибарат?**

**368. XXI әсирде оқытыўды шөлкемлестириў түрлеринде қандай жаңалықлар болады деп ойлайсыз?**

## ОҚЫТЫЎ МЕТОДЛАРЫ

**369. «Барлық мүмкин болған усыллар менен балаларды оқыўға ҳәм билимге умтылыўға руўхландырыў керек» деп ким айтқан?**

а) Улығбек

в) Хорезмий

с) Коменский

д) Ушинский

**370. Муғаллим ҳәм оқыўшылардың бир бири менен байланыслы түрде оқыў ўазыйпаларын шешиўге қаратылған хызметиниң усыллары қайсы түсиникти аңлатады?**

а) Оқытыў методлары

в) Оқытыў принциплери

с) Оқытыў нызамлықлар

д) Оқытыўды шөлкемлестириў түрлери

**371. Оқытыў методларын таңлаў неге байланыслы болды?**

а) Сабақ түрлери ҳәм оның қурылысларына

в) Дидактикалық ўазыйпаға, билим мазмунына, оқыў материалының оқыўшыларға таныслығына ҳәм олардың турмыс тәжирийбесине байланыслығына

с) Оқытыў принциплери ҳәм қағыйдаларына

д) Көрсетпели ҳәм техникалық қуралларға

**372. Оқытыў методлары қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Аўызеки ҳәм көрсетпели оқытыў методлары

в) Әмелий ҳәм машқалалы оқытыў методлары

с) Индукция ҳәм дедукция, өз бетинше жумыс

д) а, в, с

**373. Жаңа педагогикалық ҳәм оқытыў технологияларының түрлерин көрсетиң?**

а) Когнитивлик, эвристикалық, адаптациялық педагогикалық технология

в) Креативлик, инверсионлық, интеграллық педагогикалық технология

с) Хабар ҳәм байланыс технологиялары ,рейтинг ҳәм модул технологиялары

д) Барлық жуўаплар дурыс

**374. Оқытыў технологиясы қандай қурамалы бөлимлерден турады?**

а) Сабақты жобаластырыў, сабақ жобасын толығы менен сапалы орынлап, оның мақсетине ерисиў

в) Оқыўшының билимин, еплилик, көнликпелерин рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў, сабақты жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў

с) а, в

д) Әмелий ҳәм дөретиўшилик жумысларды орынлаў

**375. Педагогикалық техниканың қурамалы бөлимлери қайсы жуўапта берилген?**

а) Муғаллимниң оқыўшылар менен әдепли қарым-қатнасық жасаў, өзиниң ҳәм оқыўшылардың дыққатын басқарыў епшиллиги.

в) Педагогикалық шешим қабыл етиў ҳәм соған ылайық ис-ҳәрекетти таңлаў епшиллиги

с) Оқыўшылар минез-қулқына, ис-ҳәрекетине өзиниң мүнәсибетин шебер билдириўи, оны басқарыў комплексин ҳәм сөйлеў мәдениятын ийелеўи

д) а, в, с

**376. Көрсетпели қураллар қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Тәбийғый, сүўретлеўши, көлемли көрсетпели қураллар

в) Символлы, шәртли көрсетпели қураллар, моделлер, арнаўлы приборлар ҳәм әсбап үскенелер.

с) Эпидиоскоп, фильмоскоп, кадоскоп

д) а, в

**377. Оқытыўдың техникалық қуралларына нелер киреди?**

а) Кинопроектор, дипроектор, эпидиоскоп, кодоскоп, проигрыватель, магнитофон

в) Радиоприемник, лингафон кабинети үскенелери, телевизор, видеомагнитофон

с) Оқытатуғын машиналар, автоматластырылған класслар, ЭЕМ, компьютер, интернет

Тәбийғый, символлы, көлемли, сүўретлеўши қураллар

д) а, в, с

**378. Дидактикалық материаллар қайсы жуўапта көрсетилген?**

а) Диафильм, фильм, диапозитив, пластинка, пленкадағы жазыўлар

в) Магнит пленкасындағы жазыўлар, оқыў көрсетиўлери, улыўма көрсетиўлер

с) Оқытатуғын бағдарламалар, баспа материаллары, компьютер ҳәм интернет материаллары

д) а, в, с

**379. Аўызеки оқытыў методлары қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Әңгиме, гүрриң, түсиндириў, мектеп лекциясы, сабақлық пенен ислесиў

в) Шынығыў, лабораториялық жумыс

с) Әмелий, графикалық жумыс

д) Бақлаў, демонстрация, иллюстрация

**380. Әңгиме методын сыпатлайтуғын дурыс жуўапты табың?**

а) Нызамларды, теоремаларды, қағыйдаларды дәлиллеў

в) Затларды, қубылысларды, процесслерди түсиникли, анық, тәсирли, образлы етип айтып бериў

с) Оқыў материалын сораў жуўап үйретиў

д) Оқыў материалын әмелий жумысларды орынлатыў арқалы түсиндириў

**381. Аўызеки оқытыў методлары тийкарынан қандай мақсетте қолланылады?**

а) Жаңа билимлерди баян етиўде, оқыў материалы қурамалы ҳәм оқыў ўақты аз болғанда

в) Оқыўшылардың билимин, еплилик, көнликпелерин анықлаўда

с) Оқыўшылар менен әмелий жумыс ислегенде

д) Аралас сабақ түри менен сабақ өткенде

**382. Оқытыўда гүрриң методын қоллаўдың ең баслы шәртин көрсетиң?**

а) Дидактикалық ўазыйпаға муўапық келиў

в) Муғаллимниң гүрриң методын қолланыўға шеберлиги

с) Оқыўшылардың үйренилип атырған мәселе бойынша билим қорының болыўы

д) Оқыўшылардың жас ҳәм жеке айырмашылықлары

**383. Гүрриң методына қойылған дидактикалық талапларға муўапық төмендеги сораўлардың қайсысын дурыс деп есаплайсаң?**

а) Сиз үшмуйешлик ҳаққында не айтасыз?

в) Туўрымүйешлик 90 $^{0}$С градусқа тең болама

с) Баслаўыш гәптиң басында келе ме я ақырында келе ме?

д) Водородтың тийкарғы қәсийетлери қандай?

**384. Қыйын материаллар, қағыйдалар, режелер, нызамлар, принциплер, теоремалар дәлиллеў менен үйретилсе, қандай метод қолланылған болады?**

а) Гүрриң методы

в) Лекция методы

с) Әңгиме методы

д) Шынығыў методы

**385. Көрсетпели оқытыў методлары қайсы жуўапта берилген?**

а) Сабақлық пенен ислеў, шынығыў

в) Түсиндириў, мектеп лекциясы

с) Әңгиме, гүрриң

д) дурыс жуўап жоқ

**386. Қайсы оқытыў методларына әмелий оқытыў методлары деп аталады?**

а) Түсиндириў, әңгиме, гүрриң

в) Лекция, сабақлық пенен ислеў

с) Бақлаў, демонстрация, иллюстрация

д) Шынығыў, лабораториялық, әмелий ҳәм графикалық жумыс

**387. Оқыўшылардың қубылысларды өз бетинше жаратыўы ҳәм бақлаўы тийкарында улыўмаласқан жуўмақлар шығарыўы қайсы оқытыў методының белгиси?**

а) Лабораториялық жумыс

в) Демонстрация

с) Шынығыў

д) Лекция

**388. Төменде көрсетилген оқыў ўазыйпаларынан қайсысы әмелий жумысқа жатады?**

а) Лабораторияда тәжирийбелер өткериў

в) Химия кабинетинде суўдың пуўға айланыўын бақлаў

с) Аўызша ҳәм жазба шынығыўлар орынлаў

д) Мысал, мәселе ҳәм тестлер шешиў

**389. Әмелий жумыстың лабораториялық жумыстан өзгешелиги неде?**

а) Әмелий жумыс жеке оқыўшы менен өткериледи

в) Әмелий жумыс өндирислик мақсетке қаратылған болады

с) Әмелий жумыс класстан тыста өткериледи

д) Әмелий жумыс класста, лабораториялық жумыс лабораторияда өткериледи

**390. Оқыўшылардың контур карта менен ислеўи қайсы оқытыў методына жатады**

а) Лабораториялық жумыс

в) Демонстрация

с) Графикалық жумыс

д) Иллюстрация

**391. Оқыў материалын өзлестириўге жәрдем беретуғын муғаллим яки оқыўшының ойлаўы ямаса әмелий ис-ҳәрекетти қандай түсиникти аңлатады?**

а) Еплилик

в) Оқытыў усылы

с) Көнликпе

д) Оқытыў методы

**392. Жаңа педагогикалық технология дегенимиз не?**

а) Муғаллимниң сөйлеў шеберлиги, педагогикалық уқыплылығы

в) Тәлим-тәрбия ислериндеги алдыңғы тәжирийбелер

с) Педагогикалық жаңалықлар жаратыў, қолланыў ҳәм жетилистириў

д) Мәмлекетлик билимлендириў стандартына, оқыў бағдарламасына муўапық билим бериўди, улыўма инсаный ҳәм миллий қәдириятлар руўхында тәрбиялаўды тәмийинлейтуғын бир бири менен байланыслы ҳәрекет ететуғын системалар жыйындысы

**393. «Муғаллимниң оқыўшылар менен биргеликте оқытыў жумысларының алдынан жобаластырылған мақсетин иске асырыў ушын оқытыў процесин шөлкемлестириў түрлерин, усылларын, қуралларын, методларын қолланып, сабақ барысын бир қәлипте избе-из басқарып ақырғы нәтийжеге ерисиў системасы» қандай түсиникти аңлатады?**

а) Оқытыў усылы

в) Оқытыў принципи

с) Оқытыў технологиясы

д) Оқытыў нызамлығы

**394. Баслаўыш класларда қайсы педагогикалық технология көбирек қолланылады?**

а) Креативлик

в) Когнитивлик

с) Эвристикалық

д) Адаптациялық

**395. Жоқарғы класларда қайсы педагогикалық технологиялар қолланылады?**

а) Эвристикалық, креативлик, интеграллық

в) Адаптациялық, когнитивлик

с) Хабар, байланыс

д) Компьютер,интернет.

**396. Сабақ процесинде қайсы оқытыў технологияларынан пайдаланылады?**

а) Хабар

в) Байланыс

с) Модуль Рейтинг

д) Барлық жуўаплар дурыс

**397. Машқалалы оқытыў методлары қандай түрлерге бөлинеди?**

а) Түсиндириў, лекция, сабақлық пенен ислеў

в) Әңгиме, гүрриң, шынығыў

с) Машқалалы баян етиў, излеп таптырыў, изертлеў

д) Индукция, дедукция, өз бетинше жумыс

**398. Жоқарғы класс оқыўшыларын сабақлық пенен өз бетинше ислеўге үйретиўде қайсы еплиликлерге айрықша дыққат аўдарыў керек?**

а) Сабақ текстин толық түрде қайталап айтып бериў еплилигине

в) Үйренилип атырған тексттиң бөлимлери арасындағы байланыс пенен өз-ара қарым-қатнасықты табыў епшиллигине

с) Бурынғы үйренилген билимлерди сабақлықтың жаңа материалы менен байланыстырыў епшиллигине

д) в, с

**399. «Метод» бизиң тилге қайсы тилден кирген ҳәм ол қандай мағананы билдиреди?**

**400. Оқыў қуралы деп нега айтамыз?**

**401. Ҳәзирги ўақытта оқытыў методларына қандай педагогикалық талаплар қойылады?**

**402. Илим методы, оқытыў методы ҳәм тәрбия методларының бир биринен өзгешелиги неде?**

**403. Уллы педагоглар Фарғаний, Хорезмий, Беруний, Ибн Сина, Улығбек ҳәм басқалар оқытыў методлары туўралы қандай илимий әмелий мийраслар қалдырды?**

**404. Машқалалы оқытыў қандай басқышлардан турады?**

**405. Индуктив ҳәм дедукция оқытыў методларының қолланыў өзгешелигин түсиндириң?**

**406. Оқыўшылардың өз бетинше жумыслары оқытыў методы ма ямаса оқытыў жумысларын шөлкемлестириў түри ме?**

**407. Оқытыўдың көрсетпели ҳәм техникалық қуралларын қолланыўда қандай педагогикалық талаплар басшылыққа алынады?**

**408. Оқытыў процесинде компьютер ҳәм интернеттен пайдаланыўдың артықмашлығы неде деп ойлайсыз?**

**409. Аралықтан оқытыўда қандай оқытыў методлары қолланылады?**

**410. «Технология» сөзи бизиң тилимизге қайсы тилден кирген ҳәм ол қандай мәнисти билдиреди?**

**411. Жаңа педагогикалық ҳәм оқытыў технологияларын қолланыўда қандай тәжирийбелер бар?**

**412. Оқытыў методларын түрлерге бөлгенде нелерге тийкарланыўды мақул деп есаплайсыз?**

**413. Алдыңғы ҳәм новатор муғаллимлер тәжирийбесинде жаңа қандай оқытыў усыллары, қураллары ҳәм методлары қолланылады?**

**414. Муғаллим билим бериўдеги ҳәм оқыўшылардың билим алыўдағы жаңа ўазыйпалары нелерден ибарат?**

**415. Оқыўшыларды өз бетинше еркин пикирлеўге, билимди өзине таптырыўда, изертлеў жумысларына үйретиўде, дөретиўшилик ойлаўын ҳәм дөретиўшилик искерлигин раўажландырыўда қандай педагогикалық ҳәм оқытыў технологиялары қолланылады?**

**416. «Интерактив» сөзи бизиң тилимизге қайсы тилден кирген ҳәм оның мәниси неден ибарат?**

**417. Интерактив оқытыў методы менен сабақ өтиўдиң артықмашлықлары ҳәм өзгешеликлери неде деп ойлайсыз?**

**418. XXI әсир электронлы билимлендириў, жаңа педагогикалық технология ҳәм аралықтан оқытыў әсири. Бул әсирде оқытыў искусствосында қандай жаңалықлар болыўы мүмкин?**

# ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ БИЛИМИН, ЕПЛИЛИК, КӨНЛИКПЕЛЕРИН РЕЙТИНГ ТЕКСЕРИЎ ҲӘМ БАҲАЛАЎ СИСТЕМАСЫ

**419. «Бир күнлик әдиллик жүз күнлик ибадаттан артық» кимниң сөзи?**

а) Бухарий

в) Улығбек

с) Бердақ

д) Амир Темур

**420. Узақ өтмиште баҳалаўдың қандай аўызша түрлери қолланылады?**

а) Бәрекелла

в) Айрықша

с) Күтә жақсы , және азырақ ислеў керек

д) Барлық жуўаплар дурыс

**421. Нешинши жылдан баслап «айрықша», «жақсы», «орта», «төмен» ҳәм «күтә жаман» жазба баҳалаў түрлери енгизилди?**

а) 1933

в) 1934

с) 1935

д) 1936

**422. Бес баллы баҳалаў системасы қашан киритилди?**

а) 1943

в) 1944

с) 1945

д) 1946

**423. Имтихан нешинши жылдан басланды?**

а) 1932

в) 1933

с) 1934

д) 1935

**424. Жоқарғы классларда сынақ (зачет) алыў қашан басланды?**

а) 1956

в) 1957

с) 1958

д) 1959

**425. Бес баллы баҳалаў системасының кемшилигин көрсетиң.**

а) Оқыўшылардың билимин тексериў ҳәм баҳалаў системалы алып барылмады

в) 3, 4 баҳадан шерек шығарылды

с) Оқыўшылардың көпшилик темаларды өзлестириўи белгисиз қалды

Тексериў ҳәм баҳалаўда әдиллик бузылды

д) Барлық жуўаплар дурыс

**426. Республикамызда тест сораўын қолланыў нешинши жылдан басланды?**

а) 1992

в) 1993

с) 1994

д) 1995

**427. Республикамыз жоқарғы оқыў орынларында студентлердиң билимин рейтинг системада тексериў ҳәм баҳалаўға нешинши жылы өтилди?**

а) 1993

в) 1994

с) 1995

д) 1996

**428. «Улыўма орта билим мәкеме (мектеп)леринде оқыўшылардың билим дәрежесин қадағалаўдың рейтинг системасы ҳаққында Нызам» нешинши жылы қабыл етилди?**

а) 1997

в) 1998

с) 1999

д) 2001

**429. «Улыўма билим беретуғын мектеплердиң I-IV класс оқыўшыларының билим дәрежесин баҳалаўдың рейтинг усылы туўралы Устав» нешинши жылы шықты?**

а) 1996

в) 1997

с) 1998

д) 1999

**430. Улыўма орта билим беретуғын мектеплер ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары нешинши жылдан баслап, оқыўшылар билимин тексериў ҳәм баҳалаўдың рейтинг системасына өте баслады?**

а) 1998

в) 1999

с) 2000

д) 2001

**431. Оқыўшылардың билимин, еплилик, көнликпелерин рейтинг тексериў ҳәм баҳалаўдың артықмашлығын көрсетиң.**

а) Муғаллимниң жумысын қыйынластырады, қағазпазлықты көбейтеди

в) Ҳәр бир тема бойынша балл топлаў оқыўшыларды шаршатады, зериктиреди

с) Оқыўшылардың билим сапасын төменлетеди, тек баҳа алыўға умтылдырады.

д) Оқыўшыларды системалы оқыўға, жууапкершиликти сезиўге, өзинше оқып билим алыўға үйретеди

**432. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў қандай түрлерде қолланылады?**

а) Күнделик (КБ)

в) Аралық (АБ)

с) Жуўмақлаў (ЖБ)    Мәмлекетлик аттестация

д) Барлық жууаплар дурыс

**433. Улыўма орта билим беретуғын мектеплерде оқыўшылар таярлығы дәрежесиниң рейтинги ҳаққында жаңа реже ким тәрепинен нешинши жылы тастыйықланды?**

а) Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў министрлиги тәрепинен, 2001

в) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен, 2000

с) Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги тәрепинен, 2001

д) Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен, 2001

**434. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаўда қандай жумыс түрлери қолланылады?**

а) Сүўрет, схема, карта, сызылма

в) Аўызша, жазба, әмелий, дөретиўшилик

с) Сөзлик, энциклопедия, карта

д) Оқыў жобасы, бағдарламасы, сабақлық

**435. Сабақ бойынша баҳа қойыўдың әҳмийети неде?**

а) Баҳа үйге тапсырма, оқыўшылардың сабақтағы жумыслары ушын қойылады. Соның ушын оқыўшылар күтә жеделлеседи, жууапкершилиги артады.

в) Сабақ бойынша баҳа қойыў оқыўшыларды шаршатады.

с) Муғаллимниң баҳа қойыў жумысын қыйынластырады

д) Баҳаны бурынғыша үйге берилген тапсырманы сорағанда қойған жақсы

**436. Үйге тапсырманы тексериўди қандай түрлерде шөлкемлестирген мақул болады?**

а) Өзин өзи тексериў

в) Өз-ара тексериў

с) Муғаллимниң тексериўи

д) а, в, с

**437. Барлық сабақлар қурылысына тән болған улыўма талапты көрсететуғын жуўапты табың.**

а) Сабақта жаңа теманы түсиндириў

в) Сабақта көрсетпели ҳәм техникалық қуралларды қолланыў

с) Сабақтың мақсетин ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў

д) Сабақта жаңа оқытыў технологиясын қолланыў

**438. Сабақтың қурылысы дегенде сиз нени түсинесиз?**

а) Сабақ басқышларының мақсетке муўапық қатаң избе-излиги ҳәм өз-ара байланысы

в) Муғаллим басшылығында оқыўшылардың өз бетинше жумыслары

с) Шөлкемлестириў, үйге тапсырманы сораў, жаңа теманы түсиндириў, беккемлеў, үйге тапсырма бериў

д) Сабақта алып барылатуғын рәң-бәрең жумыслар

**439. Оқытыўдың «анасы» не?**

а) Тәкирарлаў

в) Билимди әмелде қоллаў

с) Билимди беккемлеў

д) Билимди түсиндириў

**440. Қайсы муғаллимди муғаллимниң ағласы десе болады?**

а) Билимди шебер түсиндирген

в) Оқыўшыларды жанындай жақсы көрген

с) Билимди оқыўшының өзине таптырған

д) Билимди көрсетпели ҳәм техникалық қураллар жәрдеминде қызықлы үйреткен

**441. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў системасының атқаратуғын хызметлерин қайсы жуўапта берилген?**

а) Тексериў, баҳа қойыў, қошаметлеў

в) Өзин өзи тексериў ҳәм өз-ара тексериў

с) Шөлкемлестириў, үйретиў, көрсетиў

д) Тексериўши, билим бериўши, тәрбиялаўшы, раўажландырыўшы

**442. «Рейтинг» сөзи қайсы тилден алынған ҳәм ол қандай мәнисти билдиреди?**

**443. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў системасының мақсети неден ибарат?**

**444. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў системасының ўазыйпаларына нелер киреди?**

**445. Рейтинг тексериў ҳәм баҳалаў системасына қандай талаплар қойылады?**

**446. Рейтинг технологиясында қандай жумыс түрлери қолланылады?**

**447. Рейтинг технологиясында қандай оқытыў методларынан пайдаланылады?**

**448. Оқыўшылардың шереклик, ярым жыллық ҳәм жыллық баллары қалаай анықланады?**

**449. Күнделик тексериў қандай мақсетте, қай жерде, қашан өткериледи, онда қандай жумыс түрлери ҳәм методлар қолланылады?**

**450. Аралық тексериў қандай мақсетте ҳәм қашан өткериледи, онда қандай жумыс түрлери ҳәм методлары қолланылады?**

**451. Жуўмақлаў тексериў қандай мақсетте ҳәм қашан өткериледи, онда қандай жумыс түрлери ҳәм методлары қолланылады?**

**452. Мәмлекетлик аттестация қандай мақсетте, қашан ҳәм ким тәрепинен өткериледи?**

**453. Оқыўшылардың билимин аўызша тексериў қандай түрлерде шөлкемлестириледи?**

**454. Оқыўшылардың билимин жазба тексериў қандай түрлерге бөлинеди?**

**455. Оқыўшылардың билимин графикалық тексериў қандай түрлерде уйымластырылады?**

**456. Оқыўшылардың билимин әмелий тексергенде қандай жумыс түрлери қолланылады?**

**457. Оқыўшылардың билими ҳәм рейтинги қалай анықланады?**

**458. Гейпара муғаллимлер рейтинг тексериў ҳәм баҳалаўда оқыўшылардың оқыўдағы табысларын хошаметлеў мақсетинде бир баллдың орнына еки балл, еки баллдың орнына үш балл, үш баллдың орнына төрт балл, төрт баллдың орнына бес балл қояды.**

***Сизиңше бул дурыс па ямаса надурыс па?***

**459. Грузиялы баслаўыш мектеп муғаллими психология илимлериниң докторы, профессор Амонашвили неше жыллар даўамында оқыўшыларға баҳа қоймай, аўызша хошаметлеў жолы менен оқытады ҳәм ол жақсы нәтийжелерге ериспекте.**

***Сиз бул тәжирийбе ҳаққында не дейсиз?***

**460. XXI әсирде оқыўшылардың билимин, еплилик, көникпелерин тексериў ҳәм баҳалаўда қандай жаңалықлар болады деген пикирдесиз?**

**461. Ишки тексериўди ким өткереди?**

**462. Сыртқы тексериў қайсы басқарыў органлары тәрепинен алып барылады?**

# A` D E B I Ya T L A R


33. Karimov I.A. Barkamol avlod - O`zbekiston taraqqiyoti poydevori. T., 1998.
34. Karimov I.A. Tarixiy yodnomasiz kelajak yo`q. T., 1998.
35. Karimov I.A. Barkamol avlod orzusi. T., 1999.
36. O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası. T., 1992.
37. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyası. N., 1993.
38. Qaraqalpaqstan Respublikası Bilimlendiriw Nızamı. «Erkin Qaraqalpaqstan», 1998-jıl 1 yanvar`.
39. Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar twg`risida O`zbekiston Respublikasining Nizomi. «Ma`rifat», 1998-jıl, 16 mart.
40. Hu`jdan erkinligi ha`m diniy sho`lkemler haqqında Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamı. «Erkin Qaraqalpaqstan», 1998-jıl 24 dekabr`.
41. O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` «O`zbekstan Respublikasında ulıwma orta bilimdi sho`lkemlestiriw haqqında». 1998-jıl 13 maydag`ı qararı. «Ma`rifat». 1998-jıl 16 may.
42. O`zbekstan Respublikasında ulıwma orta bilim haqqında Nızam. «Ma`rifat», 1998-jıl, 23 may.
43. Oqıwshılardı ka`sip-o`nerge bag`darlaw ha`m psixologiyalıq pedagogikalıq diagnostika orayları haqqında Nızam. «Ma`rifat», 1998-jıl, 18 iyul`.

44. «Ulıwma orta bilimnin` ma`mleketlik bilmlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında» O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1999-jıl 16 avgusttag`ı qararı «Ma`rifat», 1999-jıl, 18 avgust.
45. Ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik bilimlendiriw standartı. «Ustaz» 1999-jıl, 11 dekabr`.
46. Ulıwma orta bilim beretug`ın orta mekteplerde oqıwshılar tayarlıg`ı da`rejesinin` reytingi haqqında reje (ta`jiriybe-sınaw). «Ustaz», 2001-jıl, 8-15-22 noyabr`.
47. Prezidenttin` 2004-jıl 21 maydan «2004-2009 jıllarda mektep bilimlendiriwin rawajlandırıwdın` ma`mleketlik ulıwma milliy bag`darlaması haqqında» pa`rmanı.
48. Milliy g`a`rezsizlik ideyası: tiykarg`ı tu`sinikler ha`m printsipler. T., 2000.
49. G`oziev E. Psixologiya. T., 1994.
50. Mavlonova R. ha`m basqalar. Pedagogika. T., 2001.
51. Munavvarov A.Q. Pedagogika. T., 1996.
52. O`zbek pedagogikası tariyxı. T., 1995.
53. O`zbek pedagogikası antologiyası. T., 1995.
54. Hadis I-IV tom. T., 1992-1997.
55. Qosnazarov Q. ha`m basqalar. Pedagogika psixologiya terminlerinin` russha-qaraqalpaqsha tu`sindirme so`zligi. N., 1994.
56. Qosnazarov Q., Pazılov A. Student praktikantlar ha`m metodistler ushın pedagogikalıq qollanba. N., 2000.
57. Qosnazarov Q. Birge islesiw pedagogikası. «Qaraqalpaqstan mug`allimi», 2001, Q 1-2.
58. Qosnazarov Q. Baslawısh klasslarda da`stu`riy emes sabaqlardı oqıtıw texnologiyası. Qaraqalpaqstan mug`allimi, 2001, Q 3-4.
59. Qosnazarov Q. Jan`a pedagogikalıq texnologiyalardın` o`zgeshelikleri ha`m artıqmashlıqları. «Qaraqalpaqstan mug`allimi», 2002, Q 1-2.
60. Qosnazarov Q., Palwanova H. Sabaqlardı jan`asha jobalastırıw ha`m o`tkeriw texnologiyası. Vestnik, 2004, Q 3-4.
61. Qosnazarov Q., Palwanova H . Baslawısh mektep oqıtıw texnologiyası. N., 2004.
62. Qosnazarov Q., Abdijabbarova J. Modulli oqıtıw texnologiyası. Bilimlendiriwdin` aktual ma`seleleri (toplam). N., 2005.
63. Tursınov I., Nishonaliev U. Pedagogika kursi. T., 1997.
64. Xoshimov K. va basqalar. Pedagogika tariyxı. T., 1996.

*Дүзиўшилер:* ***<u>Қ.Қосназаров,</u>***

***У.Сейтжанова,***

***Ж.Абдижаббарова***

# П Е Д А Г О Г И К А

## (ТЕСТЛЕР ҲӘМ СОРАЎЛАР)

***(оқыў-методикалық колланба)***

## II - БӨЛИМ

**Оқыў-методикалық қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты илимий-методикалық кеңесиниң 17-декабрь 2009-жылғы №2 протоколы менен баспадан шығарыўға усыныс етилген.**

**Тех.редактор У.Б. Балымова**

**Корректор А.Сарыбаева**

**Оператор Н.Нысанбаев**

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими**

**Каракалпакстан баспаханасында басылған. 2009-ж.**

**Буйыртпа № ---- Нусқасы-50 дана. Форматы 60x84.**

**742005, Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 104. Реестр**